Си нэгу щIэкIар сыхуейкъым щIэблэм ягъэунэхуну

2-нэ нап.

Лъэпкъ IэщIагъэхэр

3-нэ нап.

Зэныбжьэгъугъэр къафэкIэ ягъэбыдэ

4-нэ нап.

Къытхуигъэнащ и уэрэдхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№46 (24.952) ● 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Ди цIыхухэм сыт щыгъуи узэхахынущ икIи уакъыгурыIуэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я совет» ассоциацэм илъэсым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къыщызэщIакъуэжа зэхуэсым.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и АСМО-м и правленэм и унафэщI **Пэнагуэ Максим**. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Крючков Вячеслав**, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпса «Хэкум и хъумакIуэхэр» Къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Дадэ МуIэед**, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым, муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ я органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и зэIущIэм къыщыпсэлъащ ди республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

- Илъэс куэд хъуауэ АСМО-р мэлажьэ, езым игъэбелджыла мардэм тету. Псом япэ фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм гулъытэ зарахуэфщIым, фазэрыкIэлъыкIуэм, ахэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр щIэх-щIэхыурэ зэраIэрывгъэхьэм папщIэ. АдэкIи ди республикэм и цIыхуу абы щыIэхэр гулъытэ щымыщIэну дыхуейщ. Ди щIалэхэр зыхуэныкъуэхэр куэд мэхъу, дауи. Сыщыгъуазэщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм зэрызащIэвгъакъуэми. Сыт и лъэныкъуэкIи а Iуэхури щIэгъэхуэбжьэн хуейщ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы щыIахэм, зауэлIхэм я унагъуэхэм дазэрыкъуэтыр дэтхэнэми зыхедгъэщIапхъэщ. АСМО-м абы теухуауэ къалэнышхуэ ехьри, фымыбэлэрыгъ. Щхьэхуэу я гугъу сщIыну сыхуейщ уIэгъэ хъуауэ дзэ Iуэху хэхам къыхэкIыжхэми. Республикэм, къэралым я пащхьэм абыхэм щагъэзэщIащ къулыкъукIэ къатехуэ къалэн гугъу. Муниципальнэ щIыналъэхэм я лэжьакIуэхэр фыкъыхузоджэ абыхэм фадэIэпыкъуну, зыхуэныкъуэхэмкIэ гу ялъыфтэну, зыпэрытыфын лэжьапIэ къахузэвгъэпэщыну.

СыкъытеувыIэну сыхуейщ мыпхуэдэ Iуэхуми: псори дытолажьэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным. Абы теухуауэ мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъ проектхэм, ахэр гъэзэщIэным теухуауэ ди къару деблэж хъунукъым. Ди цIыхухэм я псэукIэ-щыIэкIэр фIы хъуным теухуауэ ар икъукIэ IэмалыфIщ. ДгъэзащIэ къудеймэ, сэбэпынагъыу къырикIуэр долъагъу. Сыт атIэ нэхъ лейуэ АСМО-м зыщIыфхуэзгъэзэр а проектхэм нэхъри зефпщытыну? Ди цIыхухэм я гъурри я цIынэри фэ фолъагъу икIи къывгурыIуэ. Ахэр зыхуэныкъуэхэр фощIэ. Къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ еджапIэхэм, сымаджэщхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм йокIуалIэ цIыхубэр. ФызэрыщIэрэ фащIэупщIэурэ, нэхъ зыхуэныкъуэхэмрэ я гукъеуэхэмрэ гу лъыфтэ. Лъэпкъ программэ щхьэхуэр дапхуэдэу къуажэхэм щыгъэзэщIа хъуми къызэрыфщIэнур цIыхухэм абы теухуауэ я арэзыныгъэмкIэщ. Сыхуейщ лъэпкъ проектхэр гъэбелджылыным, гъэзэщIэным, егъэфIэкIуэным теухуауэ гъэзэщIакIуэ органхэм фадэлэжьэну. КъызэгъэщIыну сыхуейщ, лъэпкъ проектхэм я мардэм тету, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ сэбэп хъу IуэхущIапIэ куэд къызэгъэпэща зэрыхъур. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2026 гъэм кърикубыдэу а Iуэхум федеральнэ мылъкуу хухах сом мелард 11, 5-рэ. Мыхьэнэшхуэ зэттыпхъэщ транспорт, гъуэгу Iуэхухэри. Ахэр гъэтэмэмыным теухуауэ муниципалитетхэм хухаха мылъкур тэмэму къагъэсэбэпыным дыкIэлъоплъ.

Республикэм и къуажэхэм, къалэхэм я теплъэмрэ я щытыкIэмрэ зэпымычу ди нэIэ тедывгъэгъэт. Гугъукъым ар къызэбгъэпэщыну, щхьэж и къалэн игъэзащIэмэ. Ухуэныгъэхэр здэмыхъуну щIыпIэхэм щыдывмыгъэщI. IуэхущIапIэ, унэ дыухуэмэ, ахэр дахэу, къабзэу, зэгъэкIуауэ, республикэм и теплъэри игъэщIэращIэу, зэщIэкъуауэ зэрыщытыпхъэм девгъэгупсыс, IуэхущIапIэхэм я бжэIупэхэр, къегъэщIылIа щIыпIэхэр къабзэу зедывгъэхьэ. Къалэхэм щекIуэкI ухуэныгъэхэр хабзэм къезэгъ дращIейрэ, абыкIэ хуитыныгъэ яIэ? А псоми дыкIэлъыплъын хуейщ.

ЛэжьыгъэшхуэзэщIылIэн хуейщ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэр. Ди цIыхухэм я псэукIэр нэхъыбэ дыдэу зэлъытар аращ. Псалъэм папщIэ, цIыхухэм псыр ирикъуу щамыIэ къохъур, псом хуэмыдэу гъэмахуэм. Мис апхуэдэ IуэхугъуэхэмзыкъомкIэ елъытащ цIыхухэм я гукъыдэжри республикэм и IуэхущIапIэу а псор зи къалэным хиубыдэхэм я лэжьыгъэри. ЖКХ-м и IуэхукIэ зэлэжьын, гъэзэкIуэжын хуейхэр куэд мэхъу.

ПхъэнкIийм, пхъэнкIий идзыпIэхэм теухуауэ зэфIэмыхьэ куэд щыIэщ. Ар ехьэлIащ ухуэныгъэхэм къыдэхуэ пхъэнкIийми кIэрыхубжьэрыхухэми. Унэ, псэуалъэ зезыхьэхэм я куэншыбыр, псэуалъэжь къакъутэжхэр, зыхуэмеиж хьэпшыпыжьхэр зэхуатхъусурэ, уэрамхэм къыдакIутэ хъунукъым, - жиIащ Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ щIым пщIэ хуэтщIын зэрыхуейри:

- Ди мылъку нэхъыщхьэр щIыращ. Республикэм щыIэн хуейкъым зыгуэркIэ къэмысэбэп, хьер къэзымыхь щIы утIыпща. Дэтхэнэ щIы кIапэри хьер къыдиту къэдгъэсэбэпыным дыхущIэвгъэкъу. ЩIыр къызэрыдгъэсэбэп щIыкIэр къэралым и хабзэм техуэу щытыпхъэщ, - жиIащ.

- Ди щIэблэм я гъэсэныгъэм дытеплъэкъукI хъунукъым. КъэкIуэнур зэлъыта щIэблэм, пщэдей IуэхукIэ ди ужьым къиувэнум щапхъэ дахэ едывгъэгъэлъагъу, дывгъэущий, дывгъэгъасэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди лэжьэкIэ-Iуэху зехьэкIэм куэд зэрелъытар, сыту жыпIэмэ щIалэгъуалэр дэ къыткIэлъыплъынущ. Дахэ къыддалъагъумэ - къыддэплъеинущ, мыхъумыщIэ къыддалъагъумэ - я гур зэщыуэнущ. Хамэ къэралхэм щыдиIэ жагъуэгъухэм Iэмал едывмыгъэт ди щIалэгъуалэм я гупсысэр ягъэутхъуэну. Сыт зи гугъу тщIы щIэпхъаджащIэхэр зыхуейр жыпIэмэ, ди къэралым и жылагъуэ-политикэ щытыкIэр ягъэбгъунлъэну хэту аращ. ЩIыпIэ самоуправленэхэр мы Iуэхум псом хуэмыдэу хэлэжьыхьын хуейщ. Районхэм, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыIэ щIалэгъуалэр дэзыхьэхыр, нэхъыбэрэ хэщIапIэ яхуэхъур, спортым, егъэджэныгъэм, гъуазджэм теухуауэ яхузэфIэкIхэр фэ фолъагъу, щхьэж и нэIэ щIэт къуажэм е къалэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм факIэлъыплъ, я еджэкIэмрэ зэчийуэ яIэмрэ къэфпщытэ. ЩIалэгъуалэм теухуа Iуэхухэм текIуэдэну мылъкум дыщысхь хъунукъым. Абы теухуауэ лэжьыгъэ IэнатIэ щхьэхуэхэр къызэгъэпэщыпхъэми, абыи гулъытэ хуэщIын хуейщ, - къыхигъэщащ Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм зэхэщIыкI зэраIэр, уакъыгурыIуэну зэрыхьэзырыр, узэрызэхащIыкIыр.

- Ди цIыхухэм сыт щыгъуи узэхахынущ икIи уакъыгурыIуэнущ. Iуэхур зэлъытар абыхэм уазэрепсалъэ бзэрщ, уазэрыбгъэдыхьэрщ. ЦIыхухэм фахыхьэ фи гур зэIухауэ, фепсалъэ гуапэу. Абы щыгъуэщ къулыкъущIэхэмрэ цIыхубэмрэ я зэхуакум зэгурыIуэрэ хуабагъэрэ щыдэлъынури, зыр адрейм щызэхихынури, - жиIащ КIуэкIуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэр къытеувыIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и лэжьыгъэм. ЗэIущIэм щIэсхэм яжриIащ къытпэщылъ къэрал, республикэ хэхыныгъэхэм цIыхухэр хуиту хэтын, я еплъыкIэр къагъэлъэгъуэн папщIэ IэIэтыр къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщыну.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм фэеплъ яхуэгъэувыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын щIын мурадкIэ, «Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэхэр, апхуэдэуи ехъулIэныгъэшхуэхэр къэзыхьа цIыхухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм фIыщIэ хэхахэр щызиIэхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын щIыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №94-РЗ-м, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къыдагъэкIам, и 7-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм тету, **унафэ сощI**:

1. Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр Налшык къалэм, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу ХьэтIохъущокъуэм и хадэм итым пэгъунэгъуу, щыгъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэр щIыгъуу, зэфIигъэкIын хуейщ мы Указым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхухэр къызэгъэпэщыным, текIуэдэну мылъкур яхуэутIыпщыным пыщIа къалэнхэр.

3. Мы Указыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м
№37-УГ

2026 гъэм и щIышылэм – мазаем кърикубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIащ сом меларди 5 и уасэ (республикэм иджыпсту къыщекIуэкI уасэхэм ятещIыхьауэ) е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 102,4-кIэ хуэкIуэу. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм кърикубыдэу хэхъуэ къигъэлъэгъуащ Iэщ гъэхъун IэнатIэм: лымрэ джэдкъазылымкIэ (псэууэ шэчауэ) – проценти 2,1-рэ, гъэшымкIэ – проценти 2,3-рэ, джэдыкIэмкIэ – проценти 2,8-рэ.

Лымрэ гъэшымрэ яIэщ хэхъуэ

2026 гъэм и япэ мазитIым республикэм лырэ гъэшу къыщалэжьам и Iыхьэ тхуанэр фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ къалъысащ: тонн мини 3,6-рэ, тонн мин 12,6-рэ, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

КъищынэмыщIауэ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм а тIум зэхэту лырэ джэдкъазылу къалэжьам и куэдагъым процент 1,6-кIэ, гъэшым – процент 1,8-кIэ хагъэхъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр къызэIуахащ.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м поштым зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Ди индексыр П 5894.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ЩытыкIэр зэпIэзэрытщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум зэIузэпэщ псэукIэ иIэнымрэ я IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Пагуэ Жыраслъэн.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм щыгъуазэ зищIащ санитар-эпидемиологие щытыкIэм, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъума хъуным я лъэныкъуэкIэ илъэс кIуам щIыналъэм и Iуэху зыIутам. Гулъытэ хэха хуащIащ щIыналъэм узыфэ зэрыцIалэхэм зыщемыгъэубгъуным – ар проценти 7,3-кIэ нэхъ мащIэу щытащ къапщытэж пIалъэм кърикубыдэу. Ар яхузэфIэкIащ тэмакъым, бгъэм, тхьэмбылым егуауэ узыфэхэр, нэгъуэщIхэри зэуалIэхэм я бжыгъэр зэрехам и фIыгъэкIэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, щIыналъэм санитар-эпидемиологие щытыкIэр щызэпIэзэрытщ. Зэпымыууэ я нэIэ тетщ цIыхухэр зэфэн псы къабзэ яIэным, еджакIуэхэр ерыскъы пщтыркIэ гъэшхэным, цIыхухэм я узыншагъэмрэ гъащIэмкIэ шынагъуэ зыпымылъ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, щэхуакIуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным.

Дагъыстэным хурагъашэ

Гъунэгъу республэкэм псыдзэм щызэхикъута и щIыпIэхэм щыпсэухэм ядэIэпыкъухэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Ди хабзэубзыху IуэхущIапIэри лъэныкъуэкIэ къыщынакъым къуэш лъэпкъым защIэгъэкъуэным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым и УнафэщI Аскендеров Заур телефонкIэ щепсалъэм зригъэщIащ иджыпсту щыIэ щытыкIэр зыхуэдэмрэ ахэр нэхъ зыхуэныкъуэхэмрэ.

ЩIыналъэм щыпсэухэр иджыпсту хуэныкъуэщ гъэсыныпхъэкIэ лажьэ зэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэм. КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм псынщIэу ахэр къащэхуащ икIи ирагъэхьыну хьэпшыпхэр ягъэхьэзыращ. Iэмэпсымэхэр сэбэп хъунущ цIыхухэм я унэхэр нэхъ псынщIэу ягъэгъущыжынымкIэ.

Зэман гъунэгъум Дагъыстэным нагъэсынущ ди республикэм яхуригъашэ хьэпшыпхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ.

Ди къуэш республикэхэм

ЕхъулIэныгъэхэр къыпокIуэ

АДЫГЕЙ. **Адыгейм щыяпэу химиемкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм къыщыхэжаныкIащ Мейкъуапэ щыщ еджакIуэ, республикэм щIыуэпсым епха щIэныгъэхэмрэ математикэмрэ нэхъ кууэ щадж и школым и 9-нэ классым щIэс Попандопулэ Максим. ЩIалэр къалэн нэхъ гугъу дыдэхэм щыпэлъэщащ, и щIэныгъэр зэрылъагэр къыщигъэлъэгъуащ «Сириус» егъэджэныгъэ центрым щекIуэкIа кIэух зэIущIэм.**

КъинэмыщIауэ, Адыгейм и гупыр биологиемкIэ школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэу Екатеринбург щекIуэкIым хэтщ. КъыхэгъэщыпхъэщАР-м щыщу цIыхуих финалым зэрынэсар!

Мы Iуэхугъуэхэм къагъэлъагъуэ Адыгей Республикэм егъэджэныгъэ лъабжьэ лъэщ, щIалэгъуалэ зэчиифIэ зэриIэр. Абы папщIэ щIыналъэм щолажьэ сабий акъылыфIэхэм щадэлажьэ «Полярис-Адыгея» центрыр, «Кванториум» щIыналъэ, мобильнэ технопаркхэр, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ центри 102-рэ, бжыгъэрылъанэ егъэджэныгъэмкIэ «IT-куб» центрхэр, дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ «Авангард» щIыналъэ егъэджэныгъэ-методикэ центрыр.

А псом нэмыщI, сабийхэм я щIэныгъэм, къэухьым зиужьын папщIэ, иджыри IуэхущIапIэхэр къызэрагъэпэщ. Республикэ унафэщIхэм сабийхэм я зэфIэкIыр къэхутэнымкIэ, зыхуэIэзэ лъэныкъуэм зегъэужьынымкIэ, лъагапIэщIэхэм нэсыфынымкIэ ялъэкI къагъанэркъым. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъущхуэщ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыр, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къызэригъэпэщ Iэмалхэр.

Зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Къэрэшей-Шэрджэсым Курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт и еджапIэхэм щIэс студентхэм папщIэ йокIуэкI «IэнатIэфI зэгъэгъуэтыным и махуэхэр» зэхыхьэр. Ар хуэгъэпсащ щIалэгъуалэм я IэщIагъэм, Iэзагъэм зегъэужьыным, я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным.**

ЩIалэгъуалэ центрым илъэситIым кърикубыдэу Iуэхугъуэ 300-м щIигъу щрагъэкIуэкIащ, псори зэхэту цIыху мин 72-рэ къызэщIаубыдэу. «Нобэ ди деж щыхьэщIащ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм я лIыкIуэхэр. Нэхъыбэу дытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм ехьэлIауэ ди центрым щекIуэкI лэжьыгъэм», - жиIащ ЩIалэгъуалэ программэхэр зэдэдгъэзэщIэнымкIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Бостанов Руслан.

Программэм ипкъ иткIэ, еджапIэхэм я студентхэр щыIащ «Авангард» дзэ-хэкупсэ центрым. Абыхэм хуагъэхьэзырат егъэджэныгъэ, IэщIагъэм щыхагъэгъуазэ Iуэхухэр. ЩIалэгъуалэм зрагъэщIащ Iэщэр зэрызэпкърах-зэрызэпкъралъхьэ щIыкIэхэр, зауэ щIыхьым и музейм щыIащ, япэ дэIэпыкъуныгъэр етыным зыхуагъэсащ, зэрызыщахъумэ сеткэхэр зэIущэнымкIэ мастер-классхэми хэтащ.

КъищынэмыщIауэ, студентхэм сэлэтхэм письмохэр хуатхащ, «ЩIалэгъуалэм - грант дэIэпыкъуныгъэ» лекцэм едэIуащ икIи акъылыр зыгъэжан джэгукIэм хэтащ.

Гъунапкъэр ирагъэфIакIуэ

АБХЪАЗ. **Урысейм транспортымкIэ и министерствэм «Транспорт ухуэкIэ купщIафIэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Адлер кIуэ автомобиль гъуэгур къегъэщIэращIэ. УФ-м транспортымкIэ и министрым и къуэдзэ Иванов Валентинрэ Росгранстрой ФГКУ-м и унафэщI Безлобенкэ Геннадийрэ Краснодар крайм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр къапщытащ.**

НобэкIэ Адлер гъуэгуращ урысей-абхъаз гъунапкъэм автомобилхэр щыблагъэкI щIыпIэу иIэр. Къэрал псор къапщтэмэ, машинэ куэд щызэтрихьэ щIыпIэу щыIэр аращ. Бжыгъэхэр щыхьэт тохъуэ а Iуэхур зэгъэзэхуэн зэрыхуейм: 2025 гъэм гъунапкъэм зэпрыкIащ цIыху мелуан 12-м щIигъу, автомобиль мелуани 2,7-м нэс. Гъунапкъэр зыхуей хуэбгъэзэн папщIэ, къызэрабжамкIэ, ухуэныгъэу 57-рэ, автомобиль зэблэкIыпIэу 28-рэ зэгъэпэщыжын хуейщ. Лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь, зы жэщ-махуэм - машинэ мин 14, цIыху мин 80,5-м нэс блэкIыфынущ. ЩIыпIэм щекIуэкI лэжьыгъэ псори 2027 гъэм зэфIагъэкIыну я мурадщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Ди цIыхухэм сыт щыгъуи узэхахынущ икIи уакъыгурыIуэнущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- 2026 гъэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ. ДощIэ зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр - республикэм лъэпкъ куэд щопсэу зэгурыIуэрэ я дзыхь зрагъэзу, Iуэху щхьэпэхэр зэдащIэу. Республикэм и цIыхухэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэдопсэу. Мы илъэсыр пщIэрэ щIыхьрэ иIэу егъэкIуэкIын хуейщ. Дауи, ди къуэш республикэхэми ди гъунэгъу щIыналъэхэми Iуэхухэр ядэтщIэнущ, махуэшхуэхэм дыздыхэтынущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри дгъэбыдэнщ, - жиIащ ди Iэтащхьэм.

И къэпсэлъэныгъэм и кIэухыу игъэбелджылащ дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм яхэлъ лIыгъэмкIэ зэрыригушхуэр.

- Ди къэрал лъэщым ТекIуэныгъэ къихьынущ. Нэхъыщхьэр дызэкъуэтынырщ, - къыхигъэщащ абы.

АСМО-м 2025 гъэм илэжьахэм тепсэлъыхьащ Пэнагуэ Максим.

- 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и АСМО-р телэжьащ ди Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ илъэс кIуам и гъатхэпэм игъэувауэ щыта мардэхэм. КъэтпщытэжпIалъэм нэхъыщхьэу гулъытэ зыхуэтщIахэм ящыщщ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъуам теухуа Iуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыным. Абыхэм ящыщщ «Георгиевская лента», «ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр» Iуэхухэр. Хэку зауэшхуэм и щIыхькIэ щыIэ фэеплъ сынхэр къэгъэщIэрэщIэжынми дегугъуащ.

Нобэ къэралыр зыхэт гугъуехьхэм щытепсэлъыхьым, Пэнагуэм къыхигъэщащ гъэ кIуам АСМО-р «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым зэрыдэлэжьар иджыри Iуэхум зэрыпащэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ медицинэ, егъэджэныгъэ жыпIэми нэгъуэщIхэмкIи гулъытэ зэрыхуащIыр.

Ухуэныгъэу ирагъэкIуэкIыым и Iуэхум къытеувыIэу жиIащ сымаджэщхэр, еджапIэхэр, спорт IуэхущIапIэхэр, унэхэр ухуэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIахыр. Псалъэм папщIэ, Налшык, Тэрч, Нарткъалэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэр щаухуащ, Налшык къалэ поликлиникэр къызыхуэтыншэу зэрахьащ. КъБР-м щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ республикэм щаухуащ спорт, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэу 31-рэ, спорт утыкуу 50 къызэрагъэпэщащ.

Пэнагуэ Максим тепсэлъыхьащ гъуэгухэр гъэтэмэмыным, цIыхухэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ куэд зэралэжьам, а Iуэхум иджыри гулъытэ лей зэрыхуащIым. Гъуэгур гъэтэмэмынымкIэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ Дзэлыкъуэ, Май, Тэрч, Аруан щIыналъэхэм. Къуажэхэм я теплъэр егъэфIэкIуэнымкIэ программэм тету екIуэкIа зэпеуэхэм хэта къуажэхэм цIыхубэр щызэхуэс IуэхущIапIэхэр щаухуащ.

- ДызыщыгуфIыкI Iуэхугъуэхэм ящыщщ мэкъумэш лэжьыгъэм зэрызиужьыр. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI республдикэм и къуажэхэм. Илъэс блэкIам агропромышленнэ комплекым зегъэужьыным хухахауэ щытащ сом меларди 4, 6-рэ. Мэкъумэш IэнатIэм и фIыгъэкIэ щIыналъэм и мылъкум къыхэхъуащ сом меларди 2 хуэдиз, - жиIащ Пэнагуэ Максим.

- 2025 гъэм и мэлыжьыхь мазэм, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зи пашэ гуп хэтащ «Малая родина - сила России» федеральнэ Iуэхум. АСМО-р жыджэру хэтщ федеральнэ программэхэм. Илъэс кIуам республикэм и щIыпIэ самоуправленэхэм я унафэщI 31-рэ хэтащ федеральнэ проект 16-м. Къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я администрацэхэм я унафэщIхэр тхьэмахуэ къэс зэхуос, зэлэжьхэр къапщытэн, зэчэнджэщын папщIэ.

Федеральнэ зэпеуэхэм дызэрыхэтым Iэмал къыдет абы дыщытекIуэну, мылъку къыхэтхыну. 2025 гъэм къалэ тынш, щIэращIэ къызэгъэпэщынымкIэ УФ-м УхуэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа Х урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм яхэтащ ди республикэм и проектищ, - жиIащ абы.

Пэнагуэ Максим я гугъу ищIащ илъэс къэс «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI зэпеуэхэм. Абыхэм ящыщу, 2025 къыхалъхьа зэпеуитху иджыблагъэ къапщытэжащ. Муниципалитет нэхъыфI хъуащ Лашынкъей къуажэр. А зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Солдатскэ къуажэм. Ещанэр лъысащ Безенги къуажэм. КъБР-м и къалэ администрацэхэм я нэхъыфIу къалъытащ Нарткъалэм ейр. «Муниципалитетым и бзылъхугъэ-унафэщI» зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытащ Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Ефэнды Терезэ. Республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щекIуэкI лэжьыгъэхэр нэхъыфIу къигъэлъэгъуауэ къалъытащ «Терек 1» газетым. «Вести Прохладненского городского округа» газетыр етIуанэ хъуащ. Ещанэ увыпIэр лъысащ «Эльбрусские новости» газетым. Район, къалэ е къуажэ администрацэм и лэжьыгъэр къэгъэнэIуэнымкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зыхэта зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытащ Бахъсэн районым и администрацэм и пресс-IуэхущIапIэр. Налшык къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэр - етIуанэщ. Республикэ зэпеуэхэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэм щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм, зауэлIхэм я унагъуэхэм фондыр зэрадэIэпыкъум. Гулъытэ, захуагъэ пщIэ - мы Iуэхугъуищым тету зи лэжьыгъэр езыхьэкI фондым ди зауэлIхэм защIегъакъуэ узыншагъэ, егъэджэныгъэ, лэжьыгъэ, мылъку, псэупIэ IуэхухэмкIэ, юридическэ, психологие чэнджэщхэри ират. Дадэм къыхигъэщащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыIэ администрацэхэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы уIэгъэ щыхъуахэм, никъуэдыкъуэу къэзыгъэзэжахэм, апхуэдэуи зауэлIхэм я унагъуэхэм дэIэпыкъу къудамэхэр къызэрыщызэрагъэпэщар, хуэныкъуэхэм зэпымыуэ психологхэр зэрыдагъэлажьэр, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъ санаторэхэм пщIэншэу зэрагъакIуэр. Къыхигъэщащ къулыкъум пэрыту ныкъуэдыкъуэ хъуахэм псом япэ гулъытэ зэрыхуащIыр. Дадэ МуIэед зэрыжиIамкIэ, «Специальный социальный контракт для участников СВО» Iуэхур къызэрагъэпэщащи, ар куэдым къагъэсэбэп.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и зэIущIэм къыщапщытэжащ зыхунэсахэр, щагъэбелджылащ къалэнышIэхэр, къыщыхагъэщащ нэхъапэу гулъытэ зыхуащIынухэр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Ахьмэд:

Си нэгу щIэкIар сыхуейкъым щIэблэм ягъэунэхуну

Пщыхьэщlэ Ахьмэд терроризмэм зэрыпэщlэтынур иджыри еджакlуэу зыхуэкlуа гупсысэт: 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 махуэ шынагъуэм Налшык къалэм къытеуахэм я зэран екlат щlалэм и адэшхуэм. Уlэгъэ хъуат зауи-бани емыкlуэкl пэтрэ, къалэ уэрамым здрикlуэм... Илъэситху дэкlри, нэхъ шынагъуэж къэхъуащ: щlэпхъаджащlэхэм яlэщlэкlуэдащ Ахьмэд и адэр - КъБР-м и муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlу щыта Пщыхьэщlэ lэнас. Щlалэм быдэу мурад ищlащ: щалъхуа щlыналъэм, Хэкум и биийхэм, террорым, цlыху мамырхэм яку зэныкъуэкъу дэзылъхьэхэм япэщlэтыным и гъащlэр триухуэну.

Ахьмэд зауэлl хахуэ хъуащ. Калининград гъунапкъэхъумэ институтыр къиухри, Къэрым Республикэм къулыкъу щищlэну ягъэкlуащ. Дзэ lуэху хэхам щыщlидзам, запасым щыlэ зауэлlт, арщхьэкlэ кlуэну хуит занщlэу ящlакъым. ИужькIэ езыр щlэлъэlури дэкlащ. Тlасхъэщlэх, ебгъэрыкlуэ гупхэм и къулыкъур щрихьэкlащ, лъатэ lэмэпсымэхэр къэхутэнымкlэ гупым и командиру щытащ. Уlэгъэ хьэлъэ хъуа нэужь, унэм къигъэзэжащ, щlалэгъуалэр гъэсэным, хэкупсэу къэгъэхъуным, щалъхуа республикэм lуэхуфlкlэ хуэщхьэпэным теухуауэ и лэжьыгъэм пещэ.

Мы зэманым ар «Хэкум и хъумакlуэхэр» щlыналъэ фондым и лэжьакlуэщ, урысей псэкупсэщэнхабзэ лъапlэныгъэхэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымкlэ КъБР-м и lэтащхьэм и деж щыlэ советым хэтщ, абы къыхуагъэфэщащ «Кавказым щищlа къу-лыкъум папщlэ» дамыгъэр. Ахьмэд тедгъэпсэлъыхьащ дзэ lуэху хэхам хэтхэм зэрадэlэпыкъу lэмалхэм, террорыр къызыхэкlымрэ зэрыпэщlэтыпхъэмрэ, щlалэгъуалэр абы зэрыщытхъумэнум, нэгъуэщlхэми. Къыджиlахэм фыщыдогъэгъуазэ.



- Ахьмэд, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым сыт хуэдэ къалэнхэр уи пщэ дэлъу ущылажьрэ?

- Иджыпсту фондым и унафэщIым жылагъуэ проекткIэ срикъуэдзэщ, нэхъ ипэIуэкIэ «социальнэ координатору» сылэжьащ. Къапщтэмэ, сыт щыгъуи ди къалэныр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэдгъэкъуэнырщ, хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъыр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэр, хэкупсэ мыхьэнэ зиIэхэр къыздгъэпэщынырщ.

Дзэм къыхэкIыжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжыныр Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм епхауэ йокIуэкI. ЗэрыфщIэщи, лэжьыгъэ, IэщIагъэ зрагъэгъуэтынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дахуохъу. Фэбжь ягъуэтауэ, я узыншагъэм зэран хуэхъуауэ къэзыгъэзэжхэри, дауи, зэрыщыIэр фощIэ. Апхуэдэхэм я лъэр щIэмыхуу, я къарур зыхуаунэтIын куэд зэрыщыIэр идогъэлъагъу, паралимп спортым дыдогъэхьэх. Шэч хэлъкъым гъащIэм гукъыдэж къыщыбгъуэтыжынымкIэ спортыр зэрыIэмалыфIым. ФщIэж къыщIэкIынщ нэгъабэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэр хэту, «Хэкум и хъумакIуэхэм я кубок» зэпеуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIар. Мис абы ди щIыналъэм и гупым хэта цIыху 14-ми япэ увыпIэхэр щызэIэрагъэхьат. ДыхущIокъу дзэ Iуэху хэхам къикIыжахэмрэ я унагъуэхэмрэ республикэм щекIуэкI щэнхабзэ Iуэхухэм, пшыхьхэм, театрхэм едгъэблэгъэну. ГъащIэм гъэунэхупIэ дригъэувами, адэкIэ псэун зэрыхуейр, сыт хуэдэ IуэхукIи къэралым закъызэрыщIигъэкъуэнур зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунырщ ахэри адрей ди лэжьыгъэхэри зытетщIыхьыр.

- Гугъут ипэкIэ узыпэрымыта лэжьыгъэм щIэрыщIэу зыхэбгъэгъуэзэну?

- Гугъуу щытар дзэ къулыкъум сыкъыпэрыкIыу, ар нэгъуэщI лэжьыгъэкIэ схъуэжынырт. Дзэ Iуэху хэхам сыкъыхэкIыжа нэужь, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым IуэхутхьэбзэгуэрхэмсыхуейуэсыкIуауэ,IуэхущIапIэм и унафэщI Дадэ МуIэед лэжьыгъэ IэнатIэ зэраIэр къызжиIэри, РАНХиГС Президент академием и къудамэу Ростов щыIэм сыщеджэжащ. Хуэмурэ Iуэхум сыхэгъуэзащ. Фондым и лэжьыгъэр зэтеубла хъуащи, зэгурыIуэныгъэкIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым ядолажьэ, абы и фIыгъэкIэ зыкъызэрытхуагъазэхэр иджыпсту нэхъ псынщIэу зэфIэтх хъуащ.

Ветеранхэм я закъуэкъым ди нэIэ зытетыр, атIэ хэкIуэдахэм я адэ-анэхэри, щхьэгъусэхэри, абыхэм я бынхэри, хъыбарыншэ хъуа зауэлIхэм я унагъуэхэри дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэр къэлъытауэ дэтхэнэми дыпыщIащ. Шэч хэмылъу, ар жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхущ. Нэгъабэ лъандэрэ фондым ДНК-къэпщытэныгъэхэр зэхуехьэс, Дон Iус Ростов иригъэхьын папщIэ. Дзэ Iуэху хэхам хъыбарыншэ щыхъуар къэлъыхъуэнымкIэ Iыхьлыхэм зэрызащIэдгъакъуэ Iэмалщ ар. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ зиIэщ фондым психологие дэIэпыкъуныгъэри пщIэншэу зэрахуищIэр.

- Ахьмэд, уэ зауэлIхэми хэкIуэдахэм я унагъуэхэми зэпымыууэ уаIуощIэ, уопсалъэ. Дзэ Iуэху хэхам узэрыщыIар а фызэрызэдэлажьэм сэбэп хуэхъурэ?

- ЦIыхум дэлэжьэныр си дежкIэ гугъукъым. Дзэ еджапIэр къэзуха нэужь, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къулыкъу щысщIащ, цIыху зэмыщхь куэд щызэблэкI къэрал гъунапкъэри яхэту. Ар щIыжысIэращи, сыт щыгъуи цIыхум сапыщIауэ къекIуэкIащ. Нэхъ къыстехьэлъар, зэрыжысIауэ, си дзэ къулыкъур къызэрызухар къызгурыIуэнырт - уIэгъэм и зэранкIэ, дзэ Iуэху хэхам сыкъыхэкIыжын хуей хъуат. Ауэ сегупсысащ: къэралым ухуэщхьэпэну ухуеймэ, сыт хуэдэ IэнатIэ уIутуи ар пхуэщIэнущ. Долъагъу къэзыгъэзэж щIалэхэр щIэгъэкъуэн зэрыхуэныкъуэр. Хэти гъащIэ гугъуехь къылъыкъуэкIащ, хэти и узыншагъэкIэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэщ, хэти IэщIагъэ зригъэгъуэтыну хуейщ - махуэм зы цIыху нэхъ мыхъуми удэIэпыкъуфамэ, ар куэд и уасэщ. А гупсысэм адэкIи сызэрылэжьэным сытрегъэгушхуэ.

- Республикэм щекIуэкI «КъБР-м и ЛIыхъужьхэр» Iуэхуми ухэтщ. Сыт ар уи дежкIэ?

- Къэрал Iуэху зехьэкIэм лъэныкъуэ куэдкIэ абы дыхегъэгъуазэ, щIыналъэм и социальнэ, жылагъуэ Iуэхухэм дыхешэ. Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм дежкIэ ар Iэмал гъуэзэджэщ, IэщIагъэщIэ зэдгъэгъуэтын дэнэ къэна, дыщалъхуа щIыналъэм зегъэужьыным ди гуащIэ хэтлъхьэнымкIи. Еджэным дэтхэнэ зымкIи мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. Гупым ухэту, ущиякIуэ Iэзэхэм я нэIэм ущIэту уи зэфIэкIым хэбгъэхъуэныр куэд и уасэщ. Абы хэтхэр къэрал, муниципальнэ IэнатIэхэм ди къару дыщеплъыжыфын къудейкъым, атIэ щIыналъэр егъэфIэкIуэным, гугъуехь щыIэхэр зэфIэхыным хэлъхьэныгъэ гуэр хуэтщIыну Iэмал къыдитынущ.

- Ахьмэд, дауэ уеплърэ, дунейми цIыхуми нобэ хуэдэу нэхъ зыщиужьа зэман имыIами, сыт нэпсрэ гуауэрэ фIэкIа къэзымыхь экстремизм, терроризм Iуэхухэр къызыхэкIыр?

- Ди зэманым щIалэгъуалэм я зэманыр нэхъыбэу щагъакIуэр Интернетращи, жыпIэ хъунущ ахэр дызэрыхуейм хуэдэ дыдэу абы зэрыщымыхъумар. Япэ къэс хъыбарыр мыпэжынкIи хъунущ, ауэ щIалэгъуалэм ар яхузэхэгъэкIыркъым, къыжраIэ псор я фIэщ мэхъу.

Нобэ Украинэм щытлъагъур, къапщтэмэ, 2022 е 2014 гъэхэракъым къыщежьар - нэхъ пасэжщ. Илъэс зыкъом лъандэрэ абы и щIалэгъуалэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, неонацизм гупсысэхэм къыщIегъэтаджэ. Ар къэлъытауэ, дэ нобэ ди щIэблэм ядыдогъэкIуэкI «ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр» Iуэхур. ЛIыгъэмрэ напэмрэ зищIысым дахутепсэлъыхь къудейкъым, щапхъэу щIэблэм я пащхьэ къохьэ зауэ губгъуэм ита ди ветеранхэр, абыхэм я хъыбархэм щIодэIу. Дэтхэнэри дызыхуейр щIэблэ губзыгъэ, Хэкум хуэпэж, къытщIэхъуэнырщ. А ди зэхуэсхэр дакъикъэ 40-м къыщыщIэдзауэ сыхьэтым нэс тещIыхьащ, ауэ куэдрэ къохъу сыхьэтитIыкIэ дыкъамыутIыпщу ахэр къыщыдэпсалъи. Щапхъэу къахудохь 2005 гъэм Налшык бзаджащIэхэр къызэрытеуар. А махуэм сэри си адэшхуэр уIэгъэ хъуащ, 2010 гъэм си адэр щIэпхъаджащIэхэм яукIащ. А Iуэхугъуэхэр си нэгу щIэкIауэ, си щхьэкIэ сыхуейкъым апхуэдэ ди къэкIуэну щIэблэм ягъэунэхуну. Ахэр щымыIэн щхьэкIэщ ди зэхуэсхэр терроризмэм пэщIэтыным щIытедухуэр.

- Иужьрей зэманым экстремизм-терроризм гупсысэхэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ сыт нэхъ щIыдрагъэхьэхыр?

- Иджыблагъэ ВГТРК-м и журналист Медведев Андрей къыдигъэкIа «Предательство» документальнэ фильмым уи упщIэм и жэуапыр къытхуиIуатэу къысщохъу. Абы къыщыпсалъэ щIалэгъуалэр ящыщыщ экстремизм гупсысэхэмкIэ къыдахьэхыу, щIэпхъаджагъэ зэхуэмыдэхэр зрагъэлэжьахэм. Я гъащIэм нэхъ и дахэгъуэм щыщу илъэс 17-м къыщыщIэдзауэ нэхъыбэжи тутнакъым исын хуей хъуащ. Фильмым зым нэхъ мыхъуми жэуап къыщыуитыфыркъым апхуэдэ гъуэгу къыщIыхихам теухуауэ. Абы къикIращи, щIалэгъуалэм ящIэркъым а Iуэхум кърикIуэнур.

Сыт апхуэдэ къыщIэхъур?! Зи акъылыр иджыри зэрымыубида ныбжьыщIэм и дуней еплъыкIэхэм къытехуэ имыгъуэтмэ, Интернетым къыщилъыхъуэн щIедзэ. Апхуэдэ цIыхур нэхъ къыдэхьэхыгъуафIэщ, икIи мурад бзаджэ зиIэхэм, япэщIыкIэ ныбжьэгъу зыкъыхуащI хуэдэу, яущийуэрэ я дзыхьым ихьа нэужь, щIэпхъаджагъэ ялэжьыну трагъэгушхуэ.

Дауэ ар къызэрыдгъэувыIэфынур? ЩIалэгъуалэм дазэрыдэлажьэр щIэдгъэхуэбжьэнырщ хэкIыпIэр. Нобэрей щIалэгъуалэм я зы никъусаныгъэу сэ солъагъу гулъытэшхуэ къыхуащIыным егъэлеяуэ зэрыхуэпабгъэр, Интернет ирехъу, зыхэт гупу щрет. Апхуэдэ ерыщагъым лъэхъуэщым ухуишэнкIэ зэрыхъунур къагурыгъэIуапхъэщ. Илъэс 14 - 16 хъу ныбжьыщIэм «балигъ ныбжьым сынэсакъым, сыт абы щхьэкIэ къызащIэфынур?!» гупсысэм трищIыхь хъунукъым. Уэ жэуаплыныгъэ умыхь щхьэкIэ, уи адэ-анэм папщIэ бохь! Зи гугъу сщIа фильмыр щыхьэт зэрытехъуэщи, куэдыр дэзыхьэхыр къыхуагъэлъагъуэ ахъшэрщ. Ауэ сытым щыщ, псалъэм папщIэ, зы мелуаныр, абы уи гъащIэм и ныкъуэр щIэптыну, зыгуэрым ейр ириIэщIэпхыну? Зы соми, дауи, къаIэрыхьэркъым, къагъапцIэ...

Сыт сабийхэр къыщIагъэсэбэпыр жыпIащ. Дзэ Iуэху хэхар мыбдеж щыщемыкIуэкI щхьэкIэ, ди къэралым зэрыхьзэрий кърахьэным куэд щIохъуэпс. Аращ хъыбар нэпцIхэр щIызэбграгъэкIри, абыхэм Iэмал имыIэу щIалэгъуалэр щытхъумэн хуейщ.

- Упсэу, Ахьмэд, ди упщIэхэм жэуап къызэрептам щхьэкIэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ фи лэжьыгъэр къывэхъулIэну ди гуапэщ!

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Гъэмахуэ лэжьэгъуэ зэманым тохьэ

Налшык и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэр гъэмахуэ лэжьэгъуэ зэманым техьэщ. НобэкIэ, Мэзкуу къалэм и «Шереметьево» аэропортым махуэ къэс кхъухьлъатэ макIуэ, ауэ, мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ, абы къахыхьэнущ «Внуково»-м лъэтэнухэри.

НАКЪЫГЪЭМ и 29-м щегъэжьауэ Санкт-Петербург къалэм тхьэмахуэм къриубыдэу щэ кхъухьлъатэхэр кIуэнущ: бэрэжьей, мэрем, тхьэмахуэ махуэхэм.

Налшык телъэтыкIыу кхъухьлъатэхэр Къэзан къалэм тхьэмахуэм тIэу кIуэнущ - махуэкумрэ тхьэмахуэ махуэмрэ. Накъыгъэм и 2-м щегъэжьауэ Сочэ къалэм зы тхьэмахуэм тIэу лъэтэнущ - бэрэжьеймрэ щэбэтымрэ.

Абыхэм нэмыщI, мазэм къриубыдэу рейсищ щагъэзэщIэнущ Кувейт - Мадинэ лъэныкъуэмкIи.

Къищынэмыщlауэ, Кавказ Ищхъэрэм и «Новапорт-Холдинг» компанием лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI Налшык и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм текI кхъухьлъатэхэр здэкIуэ лъэныкъуэхэм я бжыгъэм къыхэгъэхъуэным хуэунэтIауэ. Псалъэм папщIэ, Истамбыл Анадолэ къалэхэр абыхэм къахэша хъунымкIэ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зыми и жыIэ щIэмыту

НАТО-м къызэрыхэкIыжынум теухуа референдум иригъэкIуэкIыну Словением и мурадщ.

«ДЭ нэгъуэщIхэм я дзэ, дипломатие зэпэщIэувэныгъэхэм дыхэIэбэным ткIийуэ дыпэщIэтынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Словением абы зэи сэбэпынагъ къыхуихьыркъым. ЦIыхубэр къэдгъэгугъащ НАТО-м дыкъызэрыхэкIыжынумкIэ референдум едгъэкIуэкIынуи, ар мыгувэу къызэдгъэпэщынущ», - Словением и радиомрэ телевиденэмрэ къыщыщыпсалъэм апхуэдэу жиIащ Къэрал зэхуэсым и унафэщIыщIэ Стеванович Зоран.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ лъэпкъым щхьэпэ хуэхъуну, абы и Iуэху дэзыгъэкIыну еплъыкIэхэм тегъэщIауэ и лэжьыгъэр зэриубзыхунур. Абы къызэрилъытэмкIэ, Словением, зыми и жыIэ темыту, езым и политикэ иригъэкIуэкIыжын хуейщ, къэралхэм, псом хуэмыдэу къэралыгъуэшхуэхэм зэрадэлэжьэным хущIэкъупхъэщ.

Мэлыжьыхьым и 16, *махуэку*

♦**Макъым и дунейпсо махуэщ**

♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ профсоюзыр, печатым и лэжьакIуэхэм ейр, къызэрагъэпэщащ.

♦**1920 гъэм** ЦIыхубэ милицэм и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м и Гъэзэщlакlуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкIэ ягъэуващ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 14 - 16, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Мэлыжьыхьым и 17, *мэрем*

♦**Гемофилием (лъыр пцIэным пыщIа узыфэщ) и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэщ**

♦**1927 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIуащ Верэ**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэухуэ **Ахъуэхъу Анатолэ**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ «Краснодарпроектстрой» IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта, Краснодар крайм и Хабзэубзыху Зэхуэсым и депутат, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тутэрыщ Батырбий**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дол Анжелэ**.

__Дунейм и щытыкIэнур__

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 16 - 17, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

__*Къытхэхъуащ*__

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 26-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIуущ, 11-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 26-рэ: 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 14-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 371-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2675-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэт.**

Уи унэжь хуэдэ щыIэкъым

Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхухах ахъшэм и куэдагъым фIыуэ хагъэхъуащ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ а Iуэхугъуэм хуаутIыпщ мылъкум и куэдагъыр сом мелуан 442-м нагъэсащ, япэм зэрыхъуу щыта сом мелуан 200-м и пIэкIэ. Дызэрыт илъэсым апхуэдэ сабийхэу 180-м нэблагъэ псэупIэхэмкIэ къызэрагъэпэщыну мурад щыIэщ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, 2025 гъэм и щэкIуэгъуэм республикэм къыщыхалъхьауэ щытащ псэупIэ къызэращэхун тхылъхэр иратыныр икIи абыхэм я фIыгъэкIэ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ сабий зеиншэу, адэ-анэ зыщхьэщымытыжу 46-м псэупIэхэр ди щIыналъэм къыщыхуащэхуащ. А Iуэхугъуэхэм хуэунэтIа программэр ягъэзащIэ республикэм и бюджетым къыхэкIа мылъкукIэ.

Программэм хэт сабийхэм псэупIэхэр ди щIыналъэм и дэтхэнэ районми къалэми щыIэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм е къуажэ-жылэхэм къыщыхах хъунущ. ПсэупIэ свидетельствэм къыщыгъэлъэгъуа ахъшэм и куэдагъыр къызэрабжыр ар къыщыдагъэкI зэманым ирихьэлIэу республикэм къыщекIуэкIа уасэхэм ятещIыхьауэщ.

Къищынэмыщlауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, сабийм и ныбжьыр илъэс 18 зэрырикъуу псэупIэ свидетельствэхэр ятын щIадзащ, атIэми, къэрал хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ятэм ахэр зрату щытахэм я ныбжьыр илъэс 23-м нэсауэ щытын хуейщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, щIалэгъуалэм псэупIэ нэхъ пасэу къаIэрохьэ, балигъ гъащIэми нэхъ псынщIэу хохьэ, жаIащ экспертхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● **КIэщIу**

Уэм щахъумэ

2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш къэкIыгъэхэр уэм щахъумэн мурадкIэ республикэм и бюджетым сом мелуан 40 щыхухахынущ. Ар иджыблагъэ щыжиIащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн и унафэм щIэт IэнатIэм нэгъабэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм щыхэплъэжа зэIущIэм.

«АБЫ теухуауэ Кавказ Ищхъэрэм и дзэ къулыкъум зэгурыIуэныгъэхэр иджыпсту идощIылIэ. IуэхутхьэбзэхэркъытхуащIэнущ мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ фокIадэм и 30-м нэсыху», - къыхигъэщащ министрым.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэр уэм щыхъумэным ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр республикэм щрагъэкIуэкI зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ иужьрей илъэсхэм ди щIыналъэм щагъэуващ пшэр щызэкIэщIаху, топхэр здэщыт щIыпIэу 7 икIи нобэкIэ апхуэдэхэм я бжыгъэр 38-рэ мэхъу.

Уэрамыр зэрагъэпэщыж

Налшык къалэм Къэбэрдей, Калинин я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэр зэпызыщIэ Калининградскэ уэрамыр къызэрызэгуэтыншэу зэрагъэпэщыж мы махуэхэм. Абы и гъуэгур зэрекIэкIуам къыхэкIыу, щызекIуэн щагъэтат куэд щIауэ.

ИДЖЫПСТУ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу бордюрыжьхэр къыхатхъыж, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэну пкъохэр ягъэув, гъуэгур бгъуэ ящI, псы жапIэхэр хуащI, лъэс лъагъуэхэр мывэхэмкIэ кърагъэбыдэкI.

Абыхэм яужькIэ, гъуэгущхьэм асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тралъхьэнущ, жьы хъуауэ тратхъунщIыкIам и пIэкIэ. Апхуэдэуи зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, къыщыхагъэщхьэхукIынущ, автобус къэувыIэпIэ зэпэщхэр щыхуащIынущ.

Лэжьыгъэхэр мы гъэмахуэм и кIэхэм зэфIагъэкIынущ.

Лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI

Тэрч щIыналъэм и Хьэмидей къуажэм Къудеймрэ Борииймрэ я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжын щIадзащ. Псори зэхэту абыхэм километри 4,9-рэ я кIыхьагъщ.

Мы зэманым ирихьэлIэу гъуэгу щхьэфэхэр тратхъунщIыкIащ, лъабжьэхэр зэрагъэбыдэну пыхауэ, мывэкIуэхэр сыт хуэдэхэр ирикъуу къэрашэлIащ.

АдэкIэ, асфальтыщIэ тралъхьэжынущ, псы жапIэхэр хуащIынущ, лъэс лъагъуэхэр щауkъуэдиинущ, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, къыщыхагъэщхьэхукIынущ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи мы гъэм и гъэмахуэм къриубыдэу и кIэм нагъэсынущ.

ЕджапIэ закъуэр зыхуей хуагъазэ

Дзэлыкъуэ районым и Дзэлыкъуэдэс къуажэм и курыт еджапIэ закъуэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. А школыр зэраухуэрэ илъэс 60-м нэблэгъащ, жьы дыдэ икIи цIыхуIэ хуэныкъуэ хъуащ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну Iэмалхэр ягъуэтащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ.

КЪАТИТIУ зэтет курыт еджапIэр къуажэкум хуозэ икIи метр зэбгъузэнатIэу 1600-рэ мэхъу. Мыбдежым щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм хыхьэу унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIынущ, унэ щIыбыр, пэш кIуэцIхэр зыхуей хуагъэзэнущ.

ИужькIэ, еджапIэ пэшу 20-м, шхапIэм, спортзалым унэлъащIэ, оборудованэ, Iэмэпсымэ щIэрыпсхэр щIагъэувэнущ. Мы гъэм и бжьыхьэм еджакIуэу 194-мрэ егъэджакIуэхэмрэ и бжэхэр яхузэIуахыжынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и курыт еджапIэу 6 дыдэр илъэсым иджыри зыхуей хуагъэзэнущ.

БЭБЭЧ Башир.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жейм и щIыхуэ къыптринэркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЦIыхур хэмыIэбэмэ...

1995 гъэм США-м щыIэ Йеллоустоун паркым дыгъужь зыбжанэ ираутIыпщхьауэ щытащ щIэныгъэлIхэм. А Iуэхугъуэм щIыуэпсым зэрызыкъыдигъэззэнум зыри хащIыкIыртэкъым абыхэм.



АБЫ ипэ къихуэу, илъэс 70-кIэ а паркым щыпсэуатэкъым зы дыгъужь. ИкIи, шынагъуэншэу зэрыпсэум къыхэкIыу, а щIыпIэм щыхьыр щыбэгъуат. ЩIыуэпсым лей хэткъым жаIэ, ауэ щыхьыр апхуэдизкIэ куэд хъуати, щIыпIэм лей къытехьэрт - удзи, жыги, къуацэ-чыци, хъунри, мыхъунри зэтрашхыхьурэ, паркыр кIуэдыжыгъуэм иуват.

Дауи, Йеллоустоун паркым ираутIыпщхьа дыгъужь 14-м абы щыхьу итыр зэтрашхыхьыфакъым, ауэ щIыуэпсыр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ. Дауэ? Дыгъужьхэм ящышынэурэ, ахэр щызэхэзекIуэ щIыпIэхэм екIуалIэртэкъым щыхьхэр. Щхъуэжьхэми хуэм-хуэмурэ хагъэщIырт щыхьым я бжыгъэм. Апхуэдэу, илъэсихым къриубыдэу паркым и жыгхэр тхукIэ нэхъыбэ хъуащ, дзыдзэхэр къэунэхужащ, псыр из щыхъужым, бдзэжьейри щыбэгъуащ. КъищынэмыщIауэ, дыгъужьхэм фIыуэ хагъэщIащ хьэIуцыдзым я бжыгъэр. Абы и фIыщIэкIэ тхьэкIумэкIыхьхэмрэ дзыгъуэхэмрэ зыкъаужьыжри, абыхэм къещакIуэ къашыргъэхэмрэ жьындухэмрэ куэд къэхъуащ. Мыгувэу къыкъуэжыжащ щыхьхэм зэтрашхыхьа, хаута мэракIуэ чыцэхэр. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныр мыращ: псым и лъагъуэм зиукъуэдиижащ, и Iуфэхэр зэрыубыдыжащ, паркым и географием зихъуэжащ фIы и лъэныкъуэкIэ. А псори зи фIыщIэр щыхьым я бжыгъэр кIэрызыгъэхуа дыгъужь пщыкIуплIырщ!

Мы хъыбарыр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ цIыхур щIыуэпсым хэмыIэбэмэ, зэрынэхъыфIым езыр-езыру псори зэрызэпишэчынум.

ГъэщIэгъуэнщ

Псэущхьэхэр фIыуэ тцIыхуу къытщыхъуж щхьэкIэ, дызыщымыгъуазэ куэд хэлъщ Iуэхум. Мы тхыгъэмкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ абыхэм ящыщ зыбжанэм.

♦КIэпхъхэр мыхъуамэ, апхуэдиз жыг дунейм темытынкIэ хъунт. Сыту жыпIэмэ, гъуэмылэу ягъэтIылъа жылэхэр щагъэпщкIуар ящогъупщэжри, ахэр щIым хокIэ.
♦Пылым и зы дзэр килограмми 9 мэхъу.
♦БыдзышэкIэ япI псэущхьэхэм я лъыр плъыжьщ, хьэпщхупщым ейр гъуэжьщ, омарым ейр щIыхущ.
♦ХъумпIэцIэджхэр зэи жейркъым. ХъумпIэцIэджым, махуэм тIэу къызэтеувыIэурэ, дакъикъи 8-кIэ зигъэпсэхуа нэужь, лэжьыгъэм пещэж.
♦Африкэ Курытым къыщыхъуа басенджи хьэ лъэпкъыр къызэрыгуэкI унагъуэхьэм ещхьщ, зэи банэркъым жумыIэмэ.
♦Хыбжыр (дельфиныр) щыжейм деж и щхьэ куцIым и зы лъэныкъуэращ зызыгъэпсэхур, адрейр Iэгъуэблагъэм къыщыхъум «кIэлъоплъ». Аращи, ахэр щыжейкIэ, сытым дежи я нэ лъэныкъуэр зэтехащ.
♦Метр 20 зи кIыхьагъ угорь бдзэжьей лъэпкъым къыпкърыкI электрокъарум уэздыгъэ 12 пигъэнэфынущ.
♦Блэхэм я напIэр зэтепIами, ихъуреягъкIэ къэхъур ялъагъу.
♦Дзыгъуэшхуэхэр мэдыхьэшх, бгъэкIылмэ.
♦Метр 300 зи кIыхьагъ гъуэ зы жэщым къриубыдэу щIитIыкIыфынущ щIыIубнэфым.
♦Къуаргъым Iей епщIамэ, ищIэр ищIэжу уигъэбэмпIэфынущ, ар апхуэдизкIэ леймыгъэгъущи.
♦Жэмыр мэбу, хьэр мэбанэ, адакъэр маIуэ. Ауэ жирафым макъ иIэкъыми, зыри къигъэIуркъым.
♦Мэшбэвыр къабзэлъабзэщ. Ар шха нэужь, «кърикъухьар» зэщIекъуэж.
♦Мыщэ хужьхэр сэмэгурыгъазэщ.
♦Бдзэжьей дыщафэхэм напIэзыпIэм къэхъуаращ ящIэжыр, апхуэдизкIэ щыгъупщэхщи.
♦Креветкэм и гур и щхьэм илъщ.
♦НэщIэпкIэр къэмыушу илъэсищкIэ жеифынущ.
♦Страусым и нэр и щхьэ куцIым нэхърэ нэхъ инщ.
♦Дыгъужьым зэ шхэгъуэу лы килограмм 20 хуэшхынущ.
♦ЩыIэщ хьэндыркъуакъуэ лIэужьыгъуэ, и щхъухь ткIуэпсымкIэ цIыху 2200-рэ хуэукIыну.
♦Акулэхэр, динозаврхэм япэIуэкIэ псэуащ. Абыхэм я къупщхьэлъапщхьэ къагъуэтахэм илъэс мелуан 450-рэ я ныбжьу къахутащ щIэныгъэлIхэм.
♦Пингвинхэр «щызэрышэкIэ», хъум мывэ цIыкIу саугъэт хуещI и щIасэм. Ар бзым къищтэрэ и абгъуэм ирилъхьэмэ, «псэлъыхъум» дэкIуэну арэзыуэ арахщ.
♦Дыщэджэдым (павлиным) нэхъ бзу дахэ щымыIэу жаIэ. Ауэ абы и кIапэ щхъуэкIэплъыкIэр пымытамэ, къызэрыгуэкI адакъэм ещхьынут.
♦Махъшэр тхьэмахуитIкIэ псы емыфэу мэпсэуф.
♦Дзыгъуэшхуэхэр апхуэдизкIэ псынщIэу мэбагъуэри, зы илъэсым къриубыдэу зэхъузэбзым мелуаным нэс шыр къащIохъуэ.
♦ХьэIуцыдзыр (шакалыр) щIы щIагъым щIэсу малъхуэ.
♦Бжьэм игъэIу «жьжьжь» макъыр къыздикIыр фщIэрэ? И дамэхэм. Абы дамиплI тетщ, зы дакъикъэм 11400-рэ иIэту.
♦Тарантул бэджыр илъэситIкIэ псэуфынущ ерыскъыншэу.
♦УIэгъэ хъуа е къэщта опоссумыр къытохуэ, лIам хуэдэу. Абы и нэм гъащIэ щIэмытыжу мэдий, и жьэм тхъурымбэ къыжьэдокI, мэ ещI. Ар зыгъэшынар е къещакIуэр IукIыжмэ, опоссумыр, зыри къыщымыщIам хуэдэу, къызэфIоувэж.
♦Ирландием, Исландием, Гренландием, Антарктидэм блэ щыIэхкъым.
♦Сахарэ къумым щыпсэу хъумпIэцIэджыщхъуэхэм градуси 158-рэ хуабэу яхуошэч.
♦Бэджейхэр (скорпионхэр) жэщым къоблэ.
♦Японием ущыхуозэ ягъэсауэ тыкуэным щыщэхуэф номин.
♦Дзыгъуэр зи цIыкIуагъ къупщхьэ 230-рэ иIэщ. ЦIыху балигъым 206-рэщ иIэр.
♦Дунейм псэущхьэ лIэужьыгъуэу тетым я процент 70-р бактериещ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм ятеухуа щIэныгъэ цIыхухэм ябгъэдэлъхьэныр Iуэху дахэу зэрыщытыр къалъытэри, ООН-м 1992 гъэм Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ къыщызэригъэпэща зэхуэсым мэлыжьыхьым и 15-р Экологие щIэныгъэхэм я махуэу щыхагъэунэхукIащ.

ДЫЗЫХЭСЫХЬ къэухьым къыщекIуэкIхэм щыгъуазэ захуэтщIынымкIэ, я щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIынымкIэ, щхьэрыутIыпщ бгъэдыхьэкIэм къэрикIуэр ди нэгу къыщIэзыгъэхьэ Iэмалхэм язщ «Экологие щIэныгъэхэм я махуэ» зыфIащари.

ЩIыуэпсым и щытыкIэм и гугъу щащIкIэ, ЩIы Хъурейм тет къэралхэм я нэхъыбапIэм «экологие» псалъэр къагъэсэбэпын щыщIадзар, блэкIам къызэригъэлъэгъуэжымкIэ, 1866 гъэрщ.

Къызэрырахьэжьэуи, а фIэщыгъэмкIэ хагъэбелджылыкIар зыхэсыхь Iэгъуэблагъэр къызэрагъэщхьэпэмрэ къэзыухъуреихь дунейр хэщIапIэ зыхуэхъуа псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ зэрахущытымрэщ.

«Экологие» псалъэр къызэрагъэсэбэпрэ зэманыфI дэкIами, планетэм тхьэмыщкIагъэу етщIылIэм, кIэрыдгъэхун дэнэ къэна, хэдгъахъуэ зэпытщ. Дыкъэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм зыщытплъыхьынщи, щIыуэпсыр аддэ япэхэм зэрыщытам зэрыхуэмыдэжри нэрылъагъущ. Апхуэдэ ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм мащIэ-мащIэурэ дызыхуишэр зыхуэдэнур мы лъэхъэнэм къыдгурымыIуащэми, ди щыIэкIэ-псэукIэр дяпэкIэ зэщхьынур щIыуэпсым иджыпсту дызэрыхущытым зэрелъытари гурыIуэгъуэщ.

Ауэ щыхъукIи, щIыуэпсым къылъыдгъэс мыхъумыщIагъэр зыхуэдэм гурыIуэгъуэу дыхэзыгъэгъуазэ, къыщыхъу-къыщыщIэхэр нэкъыфIэщIу ди нэгу къыщIэзыгъэувэ, а псоми къарикIуэнум ди гупсысэр тезышэ щIэныгъэ зэхэгъэкIа цIыхухэм ябгъэдэлъхьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэри шэч зыхэмылъыжщ, псом хуэмыдэжу дыщыпсэу зэманым ар етлъытмэ.

Экологие щIэныгъэхэм я махуэр Урысей Федерацэм гъэлъэпIэн щыщIадзар 1996 гъэращ. А илъэсым къыщегъэжьауэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, сабий садхэм, тхылъ хъумапIэхэм, щIэныгъэ институтхэм мы Iуэхум хуэгъэзауэ щызэхашэ зэхыхьэхэр теухуащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIауэ зэхэщIыкI нэс псоми, балигъхэми сабийхэми, къулыкъущIэхэми, цIыху къызэрыгуэкIхэми, диIэн зэрыхуейм.

Хьэлэмэтщ

- Урысей Федерацэм «эколог» IэщIагъэм щIэупщIэ нэхъ щиIэу ялъытэр ди къэралым и къалащхьэ Москварэ абы къедза щIыналъэмрэщ. АтIэми, а IэнатIэм бгъэдэтхэм лэжьапщIэ нэхъ ин дыдэ къыщыхуагъэфащэр Ищхъэрэ Жыжьэрщ, нэхъри дгъэбелджылымэ, щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къыщыщIах и къуршылъэ-къырылъэхэм щыIэхэрщ.

- Америкэ Ипщэр зэрыгушхуэ Амазонкэ псышхуэм къедза и мэзхэм ЩIы Хъурейм и хьэуам зыщIишэ икIи щызепсыпсэ лъышэм (кислородым) и Iыхьэ тхуанэм хуэдих къыдат.

- Швецием и унафэщIхэм зэхагъэува программэр гъащIэм и зы Iыхьэ зэрыщыхъурэ, а хэгъэгум зы гъэ къэмынэу, адрей къэралхэм щызэщIрагъакъуэу, кIэрыхубжьэрыхуу тонн 85-м щIигъу ирашалIэ. А Хэкум апхуэдэ «тыгъэ» адрей щIыналъэхэм къащIыIихым щхьэусыгъуэ иIэщ: кIэрыхубжьэрыхухэр щагъэсыжкIэ, электрокъару къызэрыхагъэкIыф технологие лъэщ къызэрыщагупсысарщ.

- США-м щыпсэухэм къадэхуэ кIэрыхубжьэрыхухэм я зы процентыр сабий цIынэхэм кIэлъызэрахьэу хыфIадзэж бжьэхуц зэхэубахэрщ (подгузникхэр). Мыхьэнэ ин зимыIэу къэтлъытэнкIэ хъуну а зы процентым къърикIуэнур аращи, зыхуэмеижу хыфIахуэжахэр щIым щыхэсеежынур илъэс 250-рэ дэкIа иужькIэщ.

- Хы Хуэм абрагъуэм и гущIыIум щыщу, Канадэмрэ Урысей Федерацэмрэ а лъэныкъуэмкIэ щаIэ я щIыналъэхэм я зэхуаку дэтым, километр зэбгъузэнатIэу мелуан 1,5-м нэблагъэм щоуфафэ-щоуфэразэ, щыщIотIысыкI-къыщыдосеиж Азиемрэ Америкэмрэ я къэралхэм пластикым къыхэщIыкIа я кIэрыхубжьэрыхуу тонни 120-м нэблагъэр. Мыри, зэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхуцIэ зиIэр дыхэзыгъаплъэщ.

«Экологие щIэныгъэхэм я махуэ» жыхуаIэр зытрагъэхуа мэлыжьыхьым и 15-м къыщегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 5 пщIондэ (Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и махуэри хыхьэу) мы Iуэхум ехьэлIауэ ди къэралым щащIэну псоми «ЩIыуэпсым хуэщхьэпэ пэхуэщIэхэр» фIащащ.

А пIалъэм къриубыдэу, мэзгъэфIэнхэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ, тхылъ хъумапIэхэмрэ музей зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми а Iуэхум ехьэлIауэ къыщызэрагъэпэщ хабзэ зэхуэсхэм щытопсэлъыхь дыкъэзыухъуреихь дунейр, зэрыщыту къэтщтэмэ, щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIауэ зэхэщIыкI нэс диIэн зэрыхуейм.



Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Къэухь IэрыщIыр къагъэсэбэп

ЦIыхум и щхьэм сэкъат щигъуэтам деж, операцэ щIынымкIэ дохутырхэм дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуну, къэухь IэрыщIыр зи лъабжьэ программэ къыщагупсысащ Новгород Ищхъэрэм. Абы елэжьащ щIыналъэ сымаджэщым и дохутырхэр, МедицинэмкIэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI Приволжскэ университетым и егъэджакIуэхэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием физикэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэр.

ЗЭРЫЖАIЭМКIЭ, абы и къалэн нэхъыщхьэр - щхьэм траха сурэтым къигъэлъэгъуар къипщытэу, сэкъат зыгъуэтам и лажьэр къихутэнырщ. Программэм къилъытам щыуагъэ хэтынкIэ Iэмал иIэкъым, икIи дэнэ деж лъы пцIа итми, лъынтхуэ бэга хэлъми, лъынтхуэ зэпыудами зы дакъикъэ нэхърэ нэхъ мащIэм къигъэлъэгъуэнущ. Мыбдеж гу лъытапхъэщ дохутырым а псори томографие сурэтым къриджыкIыным сыхьэт бжыгъэ зэрыригъэхьыр. А зэманым къриубыдэу сымаджэр зыхуей яхуэмыгъазэу, игъуэта дыркъуэм илIыкIынкIэ хъунущ. КъищынэмыщIауэ, сэкъат зыгъуэта щIыпIэм ириубыда лъы пцIар къыщапщытэкIэ, дохутырхэр миллилитр 20-кIэ щоуэ инэхъыбэм, мы программэр миллилитри 4-щ нэхъыбэ дыдэу зэрыщыуэр.

Зи гугъу тщIы программэр щIыналъэ сымаджэщхэм сэбэп щыхъунущ. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ IуэхущIапIэ псоми яIэкъым томографие сурэтым къеджэф дохутыр. Абы къыхэкIыу, къалащхьэм и сымаджэщхэм зыпащIэурэ чэнджэщэн хуей мэхъу. Ари зэмангъэкIуэдщ.

Программэр зытхахэм жаIэ: къэухь IэрыщIыр дохутырым и пIэ зэи иувэнукъым, абы и лэжьыгъэр щагъэпсынщIэ мыхъумэ.

Нейрохирургием и закъуэкъым дызытепсэлъыхь программэр къыщагъэсэбэпыфынур. Ар хуабжьу сэбэп хъунущ кардиологиемкIи.

Иужьрей Iэмэпсымэхэм цIыхухэм я лэжьыгъэр трахынкIэ шынагъэ зэрыщыIэм теухуауэ урысей кардиохирург, РАН-м и академик Алекян Баграт жеIэ:

- Сэ апхуэдэ шынагъэ щыIэу къысщыхъуркъым. Медицинэмрэ абы епха цIыхухэмрэ я къалэн нэхъыщхьэр цIыхум и узыншагъэр егъэфIэкIуэнырщ, гъащIэ кIыхь къигъэщIэнымкIэ сэбэп хуэхъунырщ. Аращ сытым дежи дохутырхэм япэ ирагъэщу щытари, къэухь IэрыщIыр къыщыунэхуа зэманым дызэрыгъуазэри. КъищынэмыщIауэ, Iэпкълъэпкъым сэ хэIэбэн жыхуэпIэр хьэлъэщ цIыхур сыт хуэдэ ныбжьым щитми. Абы къыхэкIыу, операцэхэр зыгъэпсынщIэн Iэмалыщ1э дунейм къытехьэху дэри догуфIэ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Адыгэхэр - Къырымым

Нобэ Къырыму тцIыху щIыналъэм 8-нэ лIэщIыгъуэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Константинополь патриархатым и зы къудамэу Гъуэт епархиер. Феодорэ зыфIаща щIыналъэм и члисэ лэжьакIуэхэм яIурылъыр пасэрей герман лъэпкъыжьхэр зэрыпсалъэу щыта бзэрт. ИужьыIуэкIэ, 9-нэ лIэщIыгъуэхэм алыджыбзэр къызэдащтащ. ХытIыгум лъэпкъ куэд щызэхэст, сондэджэр бжыгъэншэхэр къекIуалIэрт, ауэ щыхъукIи зэгурыIуэну зы бзэ яIапхъэти, гъуэтыбзэр къыхахауэ, псоми яIурылът. Арами, а зэман жыжьэм хытIыгум щыIурт адыгэбзэри!

15-нэ лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу хытIыгур щIыналъэ 26-кIэ гуэшауэ, я дзэ яIэжу, мывэ къалэхэмрэ чэщанэ лъагэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щIыпIэ телъыджэ къызэрыгъэхъуащ. Абы и Iуфэм щызэхэзекIуэрт пасэрей хьэрычэтыщIэхэмрэ сондэджэрхэмрэ. 1475 гъэм хытIыгум тест цIыху мин 200-м щIигъу.

ЗэрыжытIауэ, «Къырымыжьым» теса лъэпкъхэм яхэтащ адыгэхэри. Уеблэмэ, хытIыгум и щIыналъэ 26-м я зыр (Керч хы тIуалэм нэхъ игъунэгъуу) адыгэ уэркъ Миллен ейуэ щытащ. Феодорэ и нэхъ зыужьыгъуэм дзэ-политикэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ хы мыдрыщI къыщыс, Адыгэ хэкум (Черкесие) ис адыгэхэм. Апхуэдэу хытIыгум куэду Iэпхъуащ ди лъэпкъэгъухэри, къущхьэхэри (аланхэр), ермэлыхэри, нэгъуэщI куэди.

Адыгэр дэнэкIэ щыIами и Iэщэ-фащэкIэ, хабзэкIэ, хьэлкIэ кърипцIыхужыну псоми къахощхьэхукI. Мыбдежи апхуэдэу, Къырымыжьым и тхыдэм къыхощыж адыгэлI хъыжьэхэр. Шэрджэсхэр зауэлI хахуэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, ахэр хъумакIуэу къащтэрт генуэз сондэджэр къулеижьхэмрэ иужькIэ хытIыгур зыубыда монгол бейхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, Къаффэ адыгэ хьэблэ иIэт, Къарэсубззэр пэмыжыжьэу, бгылъэмкIэ, - Бахъсэн къуажэр щыст.

Адыгэ уэркъхэм я къулыкъур екIурэещхьу зэрызэрахьым къыхэкIыу, Феодорэ и унафэщIхэм абыхэм къыхуагъэфащэрт лъапсэ къещIэкIахэр, щIы пшэрхэр, абыхэм къепха жылэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ щIыгъуу. Абы щыхьэт тохъуэ щIыналъэ зэпылъыпIэхэм деж щыса, Къырымыжьым и гъунапкъэхэр зыхъума адыгэхэм я Iэщэ, хьэкъущыкъу, фащэ, Iэмэпсымэхэр къызэрыщагъуэтыжар. Феодорэ и къалащхьэми - Мангуп Къалэ - адыгэ зауэлIхэм увыпIэшхуэ щаубы-дырт. Къалэмрэ абы и унафэщIымрэ зыхъумэр адыгэ защIэт, дзэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ унафэ зыщIхэм шэрджэс уэркъхэри яхэтт. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Мангуп Къалэ удэмыхьэ щIыкIэ жаней адыгэ жылэ щысащ. Сыту жыпIэмэ, Жаней цIэр зэрихьэу ауз щыIащ Къырымыжьым.

Адыгэ зыдэса щIыпIэхэм я цIэр зэрахьэу лIэщIыгъуэ куэдкIэ къекIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, Бахъшысэрей щIыналъэм хиубыдэ Черкес Кермен (Шэрджэс БыдапIэ) жылэр 1945 гъэращ щыкIуэдыжар. Феодорэ и ищхъэрэ гъунапкъэм деж щыса адыгэхэр зыIус Бэлбэч псым и зы къудамэм Къэбартэ фIащауэ щытащ. Иджыри зы щIыпIэ - нобэкIэ ГолубинкэкIэ зэджэр пасэрей зэманым Фоты-къалэ (фо зыт) адыгэ жылэу щытащ. Ди лъэпкъэгъухэр зэрыщыпсэуам щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэр къыщыщIахыжащ Сюйрен быдапIэм, Алустон, Фунэ, Кучук-Ламбатэ, Чембалэ нэгъуэщI щIыпIэхэми. КъищынэмыщIауэ, Партенитрэ Алуштэрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм адыгэ уэркъ и тету, абы и шыпхъур Феодорэм и унафэщIым и щхьэгъусэу зэрыщытам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр къыхэнэжащ тхыдэм.

Иджы упщIэ къоув... Щхьэ къиIэпхъукIа адыгэхэр я Iуэху щыдэкI, пщIэ къыщыхуащI, щалъытэ щIыпIэм?

Тырку сулътIанхэр КъырымымкIэ къыщыIэбэм, ар яубыдыну къыщебгъэрыкIуэм, хытIыгум и хъумакIуэу къэуващ абы тес адыгэхэм я дзэр. Тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, уэру къызэрехьэжьа тыркудзэм пэлъэщакъым Феодорэ теса ди лъэпкъэгъухэр. ЗэрыпхъуакIуэр куэдкIэ нэхъыбэт. АдрыщI адыгэхэм я нэхъыбэм я щхьэр халъхьащ а зэхэуэ гуащIэхэм. Къэнэжа Iэбжьыбым зызэщIакъуэри, хэкум къекIуэлIэжащ. ИщхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIа Къэбартэ псы Iуфэм Iуса адыгэ жылэм а лъэхъэнэращ хэкум къыщагъэзэжар, Инал Нэху пщышхуэр зыщыщри ахэрауэ хуагъэфащэ тхыдэджхэм.

Абдежым щиухакъым хытIыгум теса адыгэхэм я тхыдэр. Теодорэ щIыналъэр тыркухэм яубыду Къырым хъаныгъуэр яухуа нэужь, Кавказым икIыурэ адыгэхэр жылэжылэу абы Iэпхъуэн щIадзащ, дзэм къулыкъу щащIэну, хъаным къуэувэну. Апхуэдэу къэщIэрэщIэжащ Бахъшысэрей щIыналъэм щыпсэуа адыгэ къуажэхэр. Абыхэм яхэтIысхьэжащ адыгэ малъхъэ хъуа генуэзхэри. Хуэм-хуэмурэ генуэзхэр адыгэхэм къахэшыпсыхьащ, ди бзэри ди хабзэри къащтащ. Хъанхэми адыгэ малъхъэ защIурэ, дзэ-политикэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэрт.

«ХытIыгум тесщ нэгъуэщIыбзэкIэ псалъэхэр, абыхэм ящыщуи къырым хъаным къыхихащ шабзауэ Iэзэу цIыху 800. Сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэри телъыджащэу зыгъэIэкIуэ, зи бгъэгум шэ хьэзыр илъ адыгэ зауэлIхэрщ ахэр. И лъэ къызэрихькIэ жэ шым тес адыгэ шум дзапэкIэ къеузэдыф фочыр, апхуэдизкIэ зауэм хуэIэзэщи. ЦIыхубзхэм пщIэшхуэ хуащI абыхэм. Бзылъхугъэ ялъэгъуамэ, жьыи щIэи зыкъаIэт, абыхэм я лъэIур - унафэм хуагъадэ. ЦIыхубзым и IэлъэщIыр зытрихамэ, зауэр ягъэувыIэ адыгэхэм. Абыхэм я бзылъхугъэхэр апхуэдизкIэ дахэщи, нэхъ лъапIэу ящэхухэри гаремхэм яшэ. Уэркъ пщащэхэр Кавказым, Европэм, Азием, Африкэм я унафэщIхэмрэ тетхэмрэ щхьэгъусэу иратри, политикэ зэгурыIуэныгъэхэр нэчыхькIэ ягъэбыдэж. Абы и мызакъуэу, хамэ щIыпIэ гуащэу яутIыпща бзылъхугъэр къызыхэкIа лъэпкъым щыщ цIыхухъухэри щIыгъуу ягъакIуэ, а къэралым къулыкъу щрахьэкIыну», - итхыжащ а лъэхъэнэм Къырымым щыпсэуа тырку зыплъыхьакIуэ Челеби Эвлия.

Къырым хъанхэм Адыгэ хэкур зэрыщыту я унафэм щIагъэувэну хэту илъэс куэдкIэ къезэуащ. Нэхъыбэрэ зытеуэри къэбэрдейхэрат. А зауэ гущIэгъуншэхэм я Iэужьу Къырым хъаныгъуэм къыщыхутащ адыгэ щхьэхуимытхэмрэ гъэрхэмрэ. Хъаныр щIэхъуэпсырт Мысырым щыIэ адыгэ мамлюкхэм ещхьу дзэ къызэригъэпэщыну. Апхуэдэу, адыгэ щхьэхуимыт защIэкIэ къызэгъэпэща дзэшхуэ (мин 12) къыщIэуват къырым хъаным. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа къырым-адыгэ зэпэщIэтыныгъэм кIэ игъуэтащ 1708 гъэм, Къэнжал зауэм адыгэхэм хъаныдзэр щызэтраукIа нэужь.

Адыгэхэр Къырымым исащ 1783 гъэ пщIондэ. Хъаныгъуэр щэщэжа нэужь зызэщIакъуэри, хэкум къагъэзэжауэ щытащ абыхэм.

Лъэпкъ IэщIагъэхэр

«**Гъуазджэ хъуа IэщIагъэхэр**» **зи фIэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэр иджыблагъэ утыку къыщрахьащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм. Iуэхур къезыхьэжьар Адыгейм IэщIагъэхэмрэ IэпщIэлъапщIэхэмрэ я ассоциацэрщ, бгъэIэпхъуэ хъу гъэлъэгъуэныгъэр абы къызэригъэпэщащ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондыр и дэIэпыкъуэгъуу.**

УТЫКУ кърахьащ пасэрей адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр, иджырей бзылъхугъэхэм зэрызагъэщIэращIэ, цIыхухъухэм я фэилъхьэгъуэхэм дыщIагъу хьэпшып цIыкIуфэкIухэр, щыгъынхэр, нэгъуэщI куэди.

«Мы гъэлъэгъуэныгъэр телъыджэ зыщIыр ди республикэм и музей экспонатхэм къытещIыкIахэр, цIыхубэ IэщIагъэм пэрыт IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыщызэхуэхьэсарщ. Апхуэдэ хьэпшып телъыджэхэр ди къуэшхэм едгъэлъагъуну, Къэрэшей-Шэрджэсым къэтшэну Iэмал къыдэзытар Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым и грантыр къызэрытхьарщ, апхуэдэуи хуабжьу къыддэIэпыкъуащ Адыгэ Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр. Дыщэидэм, пхъэм, нэгъуэщI лъэныкъуэхэм гурэ псэкIэ етауэ елэжь цIыхуипщIым я IэдакъэщIэкIхэр къэтшащ. Ди мурад нэхъыщхьэр адыгэ тхыдэ къулейм цIыхубэр щыгъэгъуэзэнырщ, ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэр, гъуазджэр, IэпщIэлъапщIагъэр нэгъуэщI лъэпкъхэм егъэлъагъунырщ. Мыбы къекIуалIэхэр хьэпшыпхэм еплъ къудей мыхъуу, еIусэ, къызыхэщIыкIар зрагъащIэ, сурэт трах хъунущ. КъищынэмыщIауэ, дэ къыздэтшащ, адыгэ шхыныгъуэхэр, ахэри зыIуагъэхъуэнымкIэ зыри пэрыуэгъу яхуэхъунукъым», - жиIащ Адыгейм IэщIагъэхэмрэ IэпщIэлъапщIэхэмрэ я ассоциацэм и унафэщI Гумэ Ларисэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэу жэрдэм зиIэхэр IэпщIэлъапщIэхэм яIущIащ икIи творческэ мастер-классхэр екIуэкIащ. КъекIуэлIахэр пасэрей макъамэ Iэмэпсымэм, шыкIэпшынэм кърагъэкI макъамэхэм щIэдэIуащ, арджэн зэращIым кIэлъыплъащ, дыщэидэмрэ Iуданэ зэIущэнымрэ хуэIэкIуэлъакIуэхэм я чэнджэщхэри яфIэгъэщIэгъуэнащ.

- Сэ бзылъхугъэ хъуржынхэр сщIыну сфIэфIщ. КъищынэмыщIауэ, иджырей бзылъхугъэхэр модэм тет пэтми, ди лъэпкъ щIэиныр фIыуэ ялъагъури, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр зытет апхуэдэ хьэпшыпхэр ящэху. ЦIыхубз хъуржынхэмкIэ къыщIэздзащ, итIанэ си IэпэмкIэ зэIусща пкъыгъуэхэр утыку сикъызэрихьэ фащэхэм тездэу щIэздзащ, ауэрэ дыщэидэм сыдихьэхауэ, пыIэхэр, хъуржынхэр, IэщхьэтхьэмпэхэрсогъэщIэращIэ.

ТхыпхъэщIыпхъэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр тхылъхэми къыдох е дунейм уи нэгу къыщIегъэхьэ. Фызэрыщыгъуазэщи, адыгэхэр щIыуэпсым быдэу пыщIауэ къокIуэкI, фащэхэр зэрыгъэщIэращIа пкъыгъуэхэри аращ къызыхахар. А тхыпхъэхэм мыхьэнэ яIэщ, дэтхэнэми зыгуэр къокI, зыгуэр ущегъэгъуазэ», - жеIэ IэпэIэсэ, уэрэджыIакIуэ Хъуран Азэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм къыхагъэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым нэмыщI, Краснодар крайми зэрыщыIар, иджыри я гъуэгум къыпащэну зэрамурадыр, уеблэмэ къалащхьэм дэсхэм адыгэ щэнхабзэр ирагъэцIыхун папщIэ Москва яшэну зэрызагъэхьэзырыр.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Зэныбжьэгъугъэр къафэкIэ ягъэбыдэ

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 11-м щызэхуащIыжащ «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» лъэпкъхэм зэдай Iуэрыlуатэ фестивалыр. Зэхыхьэр УФ-мрэ КъБР-мрэ ЩэнхабзэмкIэ я министерствэхэм къызэрагъэпэщащ.

КЪБР-М И Музыкэ театрым и пэlущIэ пэшым щагъэуват Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэпщIэлъапщIэхэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Лъэхъэнэхэр зэпызыщIэ» гъэлъэгъуэныгъэр. Фестивалым хэтахэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьащ гъуазджэм и Iэпэlэсэхэм я IэрыкIхэр. Апхуэдэу, зи лэжьыгъэ абы хагъэхьа цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм абдеж мастер-классхэр щатащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы махуэхэм Кавказым и лъэпкъ къафэхэм я щэнхабзэ къалащхьэ хъуащ. Фестивалым и программэм хыхьэу, Курзалым мэлыжьыхьым и 10-м концерт гукъинэж щитащ щапхъэу къалъыта «Арабеск» къэфакIуэ ансамблым. Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм «Шагъдий» къэфакIуэ ансамблым республикэхэмрэ щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ а махуэм я нэгу зыщрагъэужьащ. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым пщыхьэщхьэм концерт щатащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» цIыхубэ ансамблым, лъэпкъ уэрэдыжьхэмкIэ «Нартан» ансамблым, щапхъэу къалъыта «Джигиты Чегема» къэфакIуэ гупым. Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым концерт щитащ цIыхубэ къафэхэмкIэ «Амир» сабий ансамблым.

Фестивалыр ягъэбжьыфIащ Абхъазым, Арменией, Белоруссием, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Адыгейм, Къалмыкъым, Ингушым, Осетие Ипщэм, Шэшэным къикIа артистхэм, ди республикэм и къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ.

Концертым еплъахэм псом хуэмыдэу я гур хагъэхъуащ, щIэщыгъуэ ящыхъуащ нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа гуп цIэрыIуэхэм я къафэ гъуазджэхэмрэ. Къапщтэмэ, укIэлъыплъыну гъэщIэгъуэнт 1937 гъэм къызэрагъэпэща, Къалмыкъым и «Тюльпан» къэфакIуэ ансамблыр. Осетие Ипщэм и «Симд»-р 1936 гъэм къэунэхуащ. Абхъазым и «Гунда» ансамблыр республикэм и къэрал филармонием щолажьэ 1977 гъэ лъандэрэ. Дызэрыгушхуэ, дуней псом щыцIэрыIуэ «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэри илъэс 90-м щIигъуауэ утыку итщ.

МахуиплIым къриубыдэу зи щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, къафэ гъуазджэр республикэм щызыгъэлъэгъуа артистхэмрэ гуп телъыджэхэмрэ хэтащ фестивалыр зэрызэхуащIыжым теухуауэ къызэрагъэпэща концертым. КIэух пшыхьым иращIэкIа концертыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Текуев Амурбий, Бэрбэч Аскэр, ДыщэкI Артур, Жаникаев Эльдар, Енин Евгений, Любавинэ Ольгэ (Белоруссие), Аветисян Нарекрэ Нахапетян Микаэлрэ (Армение), пасэрей уэрэдхэр зыгъэзащIэ «Джэныкъу», къэфакIуэ «Нартшау» ансамблхэм (Адыгей), «Кабардинка», «Балкария», «Шардан» (Къэбэрдей-Балъкъэр, «Симд» (Осетие Ипщэ), «Нохчо» (Шэшэн), «Магас» (Ингуш) къэфакIуэ ансамблхэм, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и хорым. Пшыхьыр щызэхуащIыжым абы зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм зэдагъэзэщIащ «Кабардино-Балкария» уэрэдымрэ зэныбжьэгъугъэм и къафэрэ.

«Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» Iуэрыlуатэ фестивалым хэта къэфакIуэ гупхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ иратащ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ. ХьэщIэхэр республикэм зэрыщыIа махуэхэр гъуазджэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я дахагъэхэмкIэ гъэнщIат, къэфакIуэхэм республикэм щагъэкIуа махуэхэр гукъинэж ящыхъуауи къыщIэкIынущ, шэч хэмылъу.

2010 гъэм ирагъэжьа фестивалым нэхъри зэрызиубгъур, и программэр нэхъ щIэщыгъуэ зэрыхъур нэрылъагъущ. Лъэпкъхэм я псэр зыхэлъ уэрэдым, макъамэм, къафэ гъуазджэм цIыхухэр зэрызэкъуигъэувэр, ахэр фIым, дахагъэм, гуапагъэм зэрыхуигъэушыр иджыри зэ ди нэгу щIэкIащ.

ХьэщIэхэм жаIащ ди щIыналъэм щагъэкIуа махуэхэр гукъинэж икIи нэгузыужь зэращыхъуар, Iуащхьэмахуэ лъапэ, щIыпIэм и нэгъуэщI зыгъэпсэхупIэхэм я дахагъыр, абы щыпсэу цIыхухэм далъэгъуа гуапагъэр ягу зэрыдыхьар, нэгъуэщI лъэпкъхэм я къафэ гъуазджэм, фащэхэм, щэнхабзэм, хабзэм кIэлъыплъыну Iэмалыфl зэраIар, республикэм иджыри къытрагъэзэну зэрахъуэпсапIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къытхуигъэнащ и уэрэдхэр

● Пшыхьэхэр

Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 12-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, композитор, музыкант, шансон макъамэм хуэIэзэу щыта Амирамов Ефрем къызэралъхурэ илъэс 70 зэрырикъуам теухуа фэеплъ пшыхь. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм.

ПШЫХЬЫР щыщIидзэм къызэхуэсахэр Амирамов Ефрем зы дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ. ЭкранымкIэ къатащ артистым игъэзащIэу щыта уэрэдхэмрэ усэхэмрэ щыщ.

- Мы пшыхьыр иджыри Ефрем псэууэ дгъэхьэзырат, и иужьрей концертыр фIыуэ илъагъу Налшык къалэм щригъэкIуэкIыну и хъуэпсапIэти. Щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ ар мызэ-мытIэу игъэIэпхъуащ. Хэт ищIэрэ, мыпхуэдэу хъуну иухагъэнт. Ныщхьэбэ дызэхуэсащ Ефрем и уэрэдхэр, усэхэр, и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ дигу къэдгъэкIыжыну, ар ди гъащIэм зэрыхэтам папщIэ фIыщIэ хуэтщIыну, – жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Ефрем и лэжьыгъэхэм гъащIэ кIыхь яIэну, куэдрэ утыкухэм щагъэзэщIэну дыщогугъ. Пшыхьым къытхуеблэгъащ Москва, Израилым, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа хьэщIэхэр.

Ефрем и ныбжьэгъу, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Мирзабеков Михаил жиIащ и адэ-анэр дунейм щехыжам, Ефрем нэхъыжьыфI зэрыхуэхъуар, илъэс 40-м нэблагъэкIэ зэныбжьэгъуу зэрыщытар. Абы КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм фIыщIэ хуищIащ мы фэеплъ пшыхьыр къызэрызэригъэпэщам папщIэ.

Амирамов Ефрем ипхъу Леерэ и пхъурылъху Меделинрэ фIыщIэ хуащIащ пшыхьым къекIуэлIахэм. Лее тепсэлъыхьащ и адэр цIыху телъыджэу, лэжьыгъэр япэ иригъэщу зэрыщытар, и усэхэмрэ уэрэдхэмрэ ящыщ и ныбжьэгъухэм тыгъэ зэрахуищIар, абыхэм зыхуагъэзэху, щIэупщIэ яIэху зэращымыгъупщэнур, утыкум щигъэзэщIэну хунэмысахэри къызэрыщIэнар. АдэкIэ щIигъужащ гъащIэ купщIафIэ езыхьэкIэ Ефрем Кавказымрэ Израилымрэ пыщIэныгъэ быдэ хуиIэу зэрыщытар.

- Ди хэкуэгъу, ныбжьэгъу Амирамов Ефрем и уэрэдхэр Урысейми дуней псоми щыцIэрыIуэщ. Абы къытхуигъэнащ цIыхубэм фIыуэ ялъагъуа макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, зэгурыIуэр, щалъхуа щIыналъэр зыгъэлъапIэу, цIыхухэр фIыуэ зылъагъуу щыта артистыр тщыгъупщэнукъым. Къытхуигъэна лэжьыгъэхэм фIы, гуапагъэ, дахагъэ, зыужьыныгъэ къыпэкIуэну дыщогугъ, – жиIащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амурбий.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Ефрем щеджа Налшык и курыт еджапIэ №6-м и пионер гъэсакIуэу щыта Молокановэ Жанель, и классэгъуу щыта Кочетов Виктор, школ унафэщIым и къуэдзэ Гериевэ Маринэ, нэгъуэщIхэри.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ хьэл-щэн, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъа, макъамэр фIыуэ зылъагъу унагъуэм къыхэкIа, зэфIэкI ин зиIа Ефрем ягу къызэринар, абы къыщIэна уэрэдхэм яфIэфIу зэредаIуэр, цIыху цIэрыIуэ хъуа нэужьи, щеджа школыр, и ныбжьэгъухэр абы зэрыщымыгъупщар.

Амирамов Ефрем и усэхэм къеджащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIа Аттаев Азнор, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №6-м и еджакIуэхэу Гъубжокъуэ Амалиерэ Долженкэ Юрэрэ. Гериевэ Маринэ утыку къырихьащ Ефрем хуитха усэр.

Аттаев Азнор ягу къигъэкIыжащ Амирамов Ефрем и гъащIэмрэ гуащIэмрэ. Артистыр 1956 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Налшык къыщалъхуащ. И адэ-анэм пщIэшхуэ яхуищIырт щIалэм. ХъыджэбзиплIрэ щIалитIрэ зыпIа и анэ Марие бын гъэсэныгъэр япэ изыгъэща бзылъхугъэщ. Унагъуэр макъамэм дихьэх къудейтэкъым, атIэ хьэуа пэлъытэу абы ирибауэу яIауэ жыпIэ хъунущ. И адэ Григорий Карачаевск уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым и япэ унафэщIт икIи и балетмейстерт. Ефрем Музыкэ школым щыщеджэм езыр-езыру гитарэ еуэу зригъэсащ. 7-нэ классым щыщIэсым и ныбжьэгъухэм я гъусэу «Джины» гупыр къызэрагъэпэщауэ, езыхэм ятха уэрэдхэр ягъэзащIэрт. 1991 гъэм Амирамовым и «Молодая» уэрэдыр куэдым зэуэ ягу дыхьауэ, уеблэмэ дзапэ уэрэди яхуэхъуат, телевиденэмкIи зэпымыууэ къатырт. Ефрем Кремлым 1995 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м япэу щитащ «Белым по чёрному» и концертыр. Пшыхьыр ягу ирихьат икIи артистым Iэгуауэшхуэ хуаIэтат абы щыгъуэм. Высоцкий Владимир и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа «Всенародный Володя» документальнэ фильм 2000 гъэм игъэхьэзыращ Амирамовым. Ари абы и ехъулIэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ.

Концертыр ягъэдэхащ Амирамов Ефрем и лэжьыгъэхэм щыщ зыгъэзэщIа и ныбжьэгъу уэрэджыIакIуэхэу Мирзабеков Михаил, «Мазаль» гупым и уэрэджыIакIуэ Мелихов Борис, Хардай Мухъутар, Хъыжьырокъуэ СулътIан, Сокъур Ольгэ, Кесаев Эльбрус, Лий Аслъэн, «Кабардинка» ансамблым, КъБКъУ-м и «Каллисто» театрым, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и балетым и къэфакIуэ Щэбэтыкъуэ Изабеллэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.
Сурэтхэр **Карей Элинэ** *трихащ.*

● Мэкъумэш Iуэхухэр

IэнатIэм и пщIэр къаIэт

2026 гъэм и фокIадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм ящыщу иджыри 10-м мэкъумэш-технологие классхэм хуэдэхэр къыщызэIуахынущ. Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI «ЕрыскъыпхъэмкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэпса технологиехэр» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «АПК-м IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырын» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ икIи абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр щIэблэр мэкъумэш IэщIагъэхэм дегъэхьэхынырщ, школым къыщыщIадзэу нэхъри хагъэгъуазэурэ мэкъумэш IэнатIэм IэщIагъэлIхэр университетхэм щыхуагъэхьэзырынщ, а лэжьыгъэм хэтхэм я пщIэр къэIэтыжынырщ.

МЭКЪУМЭШ-технологие классу тIурытI къыщызэIуахынущ Бахъсэн, Аруан щIыналъэхэмрэ Бахъсэн къалэмрэ, зырыз – Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Шэджэм, Шэрэдж районхэм. Абыхэм нэмыщI, нэгъабэ и фокIадэм щегъэжьауэ мэкъумэш классхэр щыIэщ Май къалэм, Куба, Кыщпэк, Красноармейскэ жылэхэм.

Абыхэм щеджэхэм биологие, химие, физикэ, математикэ дерсхэр куууэ щрагъэдж, иджырей обрудованэхэмкIэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI, къыхахыну IэщIагъэхэм хуэижь зэрыхуэхъуну Iэмалхэм щагъэгъуазэ.

КъищынэмыщIауэ, мэкъумэш-технологие классхэр къыщызэIуах хъуну курыт еджапIэхэр здэщыIэн хуейр цIыху мин 50-м нэхърэ нэхъыбэ зыщымыпсэу къалэхэмрэ жылэхэмрэщ, езыхэр зэраухуэрэ е къызэрагъэщIэрэщIэжрэ илъэситхум щIимыгъуауэ, IэщIагъэлIхэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщыну мэкъумэш IуэхущIапIэри километр 30-м нэхърэ нэхъ пэмыжыжьэу щыту.

ЩЭУЕЙ Болэ.

Iыхьэ никъуэм щIигъур

Урысей Федерацэм мыIэрысэу къыщрахьэлIэжым и нэхъыбэр къыщагъэкIыр Кавказ Ищхъэрэрщ, нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэщ, къыитащ иджыблагъэ «Центр Агроаналитики» IуэхущIапIэм.

АБЫ и IэщIагъэлIхэм къызэрабжамкIэ, а щIыналъитIым зэгъусэу къалъос пхъэщхьэмыщхьэу кърахьэлIэжым и процент 55-м нэблагъэр икIи иджырей технологие ехьэжьахэр я лэжьыгъэхэм къызэрыхашэм и фIыгъэкIэ мыIэрысэ жыг хадэхэм къыхагъахъуэ, гъавэ бэв кърахьэлIэж зэпытщ.

Iуву зэкIэщIэса жыгхэм къыпачыжа мыIэрысэу цIыхухэм иращэр процент 75-м ноблагъэ, мыдрей жыг хадэжьхэм кърахххэм елъытауэ, жаIэ абыхэм. Сату щIапIэхэм щIалъхьэ мыIэрысэм и куэдагъри илъэсым и лъэхъэнэхэм куэдкIэ епхащ икIи, апхуэдэу щыхъукIи, щэхуакIуэхэр пхъэщхьэмыщхьэ гуакIуэмкIэ къызэрызэгъэпэща хъуар нобэ куэдкIэ нэхъыфIщ, ипэ илъэсхэм еплъытмэ.

2025 гъэм Урысей Федерацэм езым къигъэкIыжа мыIэрысэхэмкIэ цIыхухэр къызэригъэпэщащ процент 80-м щIигъукIэ. Къэралым и жыг хадэгъэкI IэнатIэм зэрызиужьым и щыхьэтщ а пхъэщхьэмыщхьэр зэрызэпэмыубыдар, мыIэрысэм щимычэзу лъэхъэнэхэм деж хамэ щIыналъэхэм къращахэм дащыхуэныкъуэ къэхъуми. Ауэ плъапIэхэр щыIэщ, иужьрей илъэсхэм иджырей жыг хадэхэр жыджэру зэрагъэтIысыр къэлъытауэ, УФ-м къыщагъэкIа мыIэрысэхэмкIэ щэхуакIуэхэр 2028 гъэм ирихьэлIэу,проценти 100-кIэ къахузэгъэпэщыну.

Урысей Федерацэм и пхъэщхьэмыщхьэр и теплъэкIи, фIагъкIи, IэфIагъкIи хамэ къэралхэм къыщагъэхъуам фIыуэ йофIэкI. Апхуэдэу щыхъукIи, мыIэрысэу экспортым ягъэкIуэм и куэдагъри, здаутIыпщ къэралхэм я бжыгъэри нэхъ мащIэщ: ди щэхуакIуэхэм я нэхъыбэр СНГ-м хыхьэхэрщ. ЖыпIэнурамэ, 2025 гъэм ди мыIэрысэхэр нэхъыбэу зыхуаутIыпщар Белоруссиемрэ Узбекистанымрэщ.

Илъэс блэкIам и шыщхьэIум – жэупэгъуэм къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и Россельхознадзорым и щIыналъэ къудамэм къипщытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыIэрысэу тонн мин 37-м щIигъу икIи ахэр хурагъэшащ ди къэралым и адрей щIыналъэхэм. Абы нэмыщI, хамэ къэралхэми экспорт щагъакIуэ щыIэщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Телъыджэхэр къыщохъу

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и етIуанэ джэгугъуэм хьэлэмэт куэд къыщыхъуащ. Псом нэхърэ нэхъ телъыджэр чемпионыр псынщIэ дыдэу къызэрыхагъэщIарщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и нэгъабэрей зэхьэзэхуэм и дыщэ медалхэр къэзыхьауэ щыта Алътуд и «Искра»-м, пэплъа щIагъуэ щымыIэу, Урыху къуажэм къыщефIэкIащ абы и щIыпIэ командэр. Джэгум къриkIуэнур наIуэ хъуащ зэIущIэм и япэ Iыхьэм. ЯпэщIыкIэ Тэнащ Тамерлан 25-нэ дакъикъэм бжыгъэр къызэIуихащ, къыкIэлъыкIуэу Лампlэжь Ислъам ар игъэбэгъуащ, загъэпсэхуну икIыным куэд имыIэжу. Чемпионым Iуэхур игъэзэкIуэжыну къэнэжа зэманым зричащ, арщхьэкIэ къикIа щыIэкъым икIи 0:2-уэ хэгъэрейхэм фIахьащ. Хэт ищIэн, алътудэсхэр игъэбэлэрыгъауэ къыщIэкIынущ пэщIэдзэ джэгугъуэм Аргудан къикIа «Бедик»-р бжыгъэшхуэ дыдэкIэ, 7:1-уэ, зэрыхагъэщIам икIи къащигъэхъуагъэнущ адэкIи тыншу адрейхэм ефIэкIыну. Апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунум и дерс щхьэпэ «Урыхум» къаритащ. ДяпэкIэ абы бэнэныгъэр къызэрызэщIигъэплъэнум шэч хэлъкъым.

Зэхьэзэхуэм бжыпэр щиубыдащ Бабугент и «Логоваз»-м. Аргудан щыIэу ар «Бедик»-м ефIэкIащ. ОчкоитIкIэ абы къыкIэроху зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжа «Ислъэмеймрэ» «Спартак-Д»-мрэ.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэр зэдагуэш пэщIэдзэ джэгугъуитIри бжыгъэшхуэкIэ зыфIахьа «7 Вершин-Шалушка»-мрэ «Бедик»-мрэ. Абыхэм яхэтщ Шэджэм щекIуэкIа зэIущIэ гуащIэм зы топ закъуэкIэ нэхъыбэ къыщызыхудагъэкIа «Черкес»-р.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и етIуанэ джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) – **3:4**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Логоваз**» (Бабугент) – **1:3**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Искра**» (Алътуд) - **2:0**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Малка**» (Малкэ) – **1:7**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – «**Спартак-Д**» (Налшык) - **3:3**.

«Тэрч» (Тэрч) – «Яникой-1961» (Яныкъуей) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэхуэзэн хуейщ: *мэлыжьыхьым и 18-м* - «Малка» - «Ислъэмей»; *мэлыжьыхьым и 19-м* – «Яникой-1961» - «7 Вершин-Шалушка», «Спартак-Д» - «Черкес», «Искра» - «Тэрч», «Логоваз» - «Урыху», «Бедик» - «Псыкуэд-Марвил» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Логоваз»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**9-1**	**6**
2.	**«Спартак-Д»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**9-4**	**4**
3.	**«Ислъэмей»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**7-4**	**4**
4.	«Яникой-1961»	1	1	0	0	5-2	3
5.	«Тэрч»	1	1	0	0	4-1	3
6.	«Урыху»	2	1	0	1	4-5	3
7.	«Псыкуэд-Марвил»	2	1	0	1	4-9	3
8.	«Искра»	2	1	0	1	7-3	3
9.	«Малка»	2	1	0	1	8-5	3
10.	«Черкес»	2	0	0	2	4-8	0
11.	**«Бедик»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-10**	**0**
12.	**«7 Вершин-Шалушка»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-13**	**0**

Аслъэн къихьащ Кубокыр

Арменией и къалащхьэ Ереван къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ: самбэмкIэ дунейпсо Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ абы щекIуэкIа зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Абазэ Аслъэн.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэпеуэм щыIа, килограмм 88-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм зэIущIищ абы щригъэкIуэкIати, япитIыр къафIихьащ Грузиемрэ Къэзахъстанымрэ я лIыкIуэхэм. Финалым ди лъахэгъур щынэхъ лъэщащ икIи бжыгъэр 6:1-уэ хигъэщIащ Ставрополь щIыналъэм щыщ ПIапIшу Азнаур.

Абазэ Аслъэн и гъэсэнщ Бахъсэн къалэм Щауэ Iэхьед и цIэр зезыхьэ и спорт еджапIэм, и тренерхэр ПшынащIэ Муратрэ Къарэмышэ СулътIанрэщ.

КъищынэмыщIауэ, иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэм къриxьэлIащ къэрал 20-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 300-м нэблагъэ икIи ахэр щIэбэнащ медаль комплекту 33-м. УФ-м и командэм гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ. Ди бэнакIуэхэр, иужьрей илъэсиплIым къриубыдэу, я ныпым щIэту утыкум япэу къихьащ, гимнри абыхэм щхьэкIэ кърагъэуащ.

Зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIащ СамбэмкIэ дунейпсо федерацэм и нэIэ щIэту икIи дунейпсо чемпионатым хэтынухэр щагъэбелджылыкIэ спортсменхэм абы къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр къалъытэнущ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Европэм макIуэ

Европэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и чемпионату Албанием и къалащхьэ Тиранэ мэлыжьыхьым и 20 - 26-хэм щекIуэкIынум, ди гуапэ зэрыхъущи, хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн КIэмпIарэ Марат. УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Монов Николай зэпеуэм ишэну бэнакIуэхэр къыщыхихым апхуэдэ дзыхь иригъэзащ ди адыгэ щIалэм.

Урысей Федерацэм и щIыхьыр яIэту чемпионатым хэтыну спортсменхэр Сефершаев Эмин (кг 55-рэ), Конунов Сунер (кг 60), Емелин Сергей (кг 63-рэ), Закриев Эрзу (кг 67-рэ), Ахметвалеев Камил (кг 72-рэ), Степанов Сергей (кг 77-рэ), Тюлюбаев Адлет (кг 82-рэ), Остаев Алан (кг 87-рэ), Саргсян Артур (кг 97-рэ), КIэмпIарэ Марат (кг 130-рэ) сымэщ.

Дехъуэхъунщ Марат и зэфIэкIхэр нэсу зэхьэзэхуэм къыщигъэлъэгъуэну, УФ-мрэ КъБР-мрэ я щIыхьыр лъагэу щиIэту, дыщэ медаль иIыгъыу къигъэзэжыну.

КЪУЭЖЕЙ Iэмин.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №756
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*,

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.